ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№245 (22.403) ● 2012 гъэм дыгъэгъаззм (декабрым) и 22, щэбэт ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэныжьрэ курортхэмкІэ и министрым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ, **Шэт Ирмэ Мухьэмэд и пхъур** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэныжьрэ курортхэмкІэ и министру гъэувын.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза маХуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ
КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм дыгъэгъаззм и 20-м
№197-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкІэ и министрым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ, **Пономаренко Роман Николай и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкІэ и министру гъэувын.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза маХуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ
КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм дыгъэгъаззм и 21-м
№203-УГ

● Дыгъуасэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Урысейм и хьэпшып нэхъыфІхэр

«Урысейм и хьэпшып нэхъыфІу 100- урысейпсо зэпеуэмрэ фІагъ и лъэныкъуэкІэ КъБР-м и Іэтащхьэм и саугъэтыр къэхьыным теухуа щІыналъэ зэхьэзэхуэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іуэхущ1апІэ зэмыдІэуэныгъуэу 29-рэ мы гъэм хэтащ. Абыхэм ягъэтхъэгъуащ продукцэрэ Іуэхутхьэбзэу 100-м нэблагъэ. Апхуэдэщ гъэпцІэкІэр, щІакхъуэхкІхэр, псыІэфІхэр, Іэфы1ыкІэхэр, фІы1ыгъэхэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр, производствэ техникэ мыхьэнэ зиІэхэр, щІыхуэхэм папщІэ промышленнэ хьэпшыпхэр, псэуалъапхъэхэр, нэгъуэщІхэри.

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэ **Къанокъуэ Арсен** щІыналъэ зэпеуэм щытекІуа продукцэ лІэужьыгъуэ 22-р зи Іэдакъэщ1экІ Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІхэм, гуфІэгъуэ щытыкІэм иту, дыгъуасэ Правительствэм и Унэм дипломхэмрэ саугъэтхэмрэ щаритыжащ. Продукцэ лІэужьыгъуэм «Урысейм и хьэпшып нэхъыфІу 100» зэхьэзэхуэм лауреатрэ дипломантрэ щыхъуащ.

- Хабзэ зэрыхъуам тету, Илъэсыщ1эм и пэ кьихуэу фІагъ и лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и саугъэтыр къэхьыным теухуа зэпеуэм щытекІуа продукцэ лІэужьыгъуэ 22-р зи Іэдакъэщ1экІ Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІхэм, гуфІэгъуэ щытыкІэм иту, дыгъуасэ Правительствэм и Унэм дипломхэмрэ саугъэтхэмрэ щаритыжащ. Продукцэ лІэужьыгъуэм «Урысейм и хьэпшып нэхъыфІу 100» зэхьэзэхуэм лауреатрэ дипломантрэ щыхъуащ.

- Хабзэ зэрыхъуам тету, Илъэсыщ1эм и пэ кьихуэу фІагъ и лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и саугъэтыр къэхьыным теухуа зэпеуэм щытекІуа продукцэ зэхуэдэу Іуэху дахэкІэ дызэхэуэсащ, - жиІащ Къанокъуэ Арсен, зэІуІэр къыщІэкІыжащ. Сыту жыпІэмэ, республикэм и зыужьыныгъэр щІэныгъэ куум, инновацІэ унэтІыныгъэр зи лъабжьэ технологие лъагэм и Іэмалхэм тыдощІыхь. НэгъуэщІуи хъунукъым. Хьэпшыпхэмрэ Іуэхущ1апІэхэмрэ я фІагъым теуха хьэрхуэрыгъэр щыщІэхуабжьэ мы зэманым адрейхэм я Іэдакъэщ1экІхэм дехьэдехуэфу щытын хуейщ. Ди къэралыр Дунейпсо Сату Организацэм зэрыхьхьар къэттытынтэмэ, фІагъым хэгъэхъуэнкІэ, ахэр дунейпсо пщалъэм хуэгъэкІуэныр, технологие пэрытхэр зэпымыуэу къэгъэсэбэпыныр мыхьэнэшхуэ дыдэ зиІэ къалэнуэ зэрыщытыр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Абы и лъэныкъуэкІэ нужьрей илъэсхэм нэрылъагъуэ ипкІэ докІуатэ. Республикэм и предприятэшхуэхэмрэ куурытхэмрэ я нэхъыбэр а Іуэхум хэхъуэхуэ йолэжь, я Іэдакъэщ1экІхэм я фІагъым хагъахъуэ, я зэфІэкІыр хэІуцІыІу ящІ. «Кавказкабель» кабель завод» ЗАО-м, «Тэрч налмэс», «Телемеханика», «Прохладнэ щІакхъуэ завод» ОАО-хэм, «Бахъсэн Автозапчасть завод», «Налшык хьалмэ завод», «Налшык щІакхъуэ», «Жако-Іэфы1кІэ фабрикэ», «Налшык гъэш комбинат», «Велес-Агро», «Къэрэгъэш гъэш завод», «Джеха-унэльащІэ фабрикэ», «ЗЖБИ-2», «Налшык курорт», «Союз-Транс», «Нико-Тур», «КСИ-ОЗОН», «Хуабэ сервис», «Тетраграф» ООО-хэр, «Кавказкабель» кабель завод» ЗАО-р, «Телемеханика» ОАО-р, къэрэгъэрыгъэ Іуэху Урыс Аслъэн, Алтъхъэс Мухьэрбий сымэ, нэрылъагъуэ.

ЗэІуущІэм и кІуэным Къанокъуэ Арсен текІуахэм ехьэхъуащ ехьуІэныгъэщІэхэр яІэну, ИльэсщІэм насыпрэ фІыгъуэрэ къахуэдэкІуэну икІи зэпеуэхэм хэта псомкІи фІыщІэ яхунщІащ.

Зэхуэсхэм фэепІэ сурэт зытраГъэхуащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик

■ Пшыхьэр ■ Дифі догъэльапІэ ■ Махуэгъэпс

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт Щэбэт къыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис

Къанокъуэ Арсен шынагъуэншагъэмкІэ Іэнатіэм и лэжьакІуэ пажэхэр егъэлъапІэ

Къанокъуэ Арсен КъБР-м и Щыхь тхылыр Кменный Сергей ирет.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Дыгъэгъаззм и 20-м къэралым шынагъуэншагъэмкІэ и органхэм ягъэлъапІащ а Іэнатіэр къыззэрыщэрагъэпэщырэ ильэс 95-рэ зэрырикъур. Абы теухуа гуфІэгъэнэ зэІуущІэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен.

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я цІыкІэ, езым къыбгъэдэкІыу и гуапэу ехьуэхъуащ УФ-м ШынагъуэншагъэмкІэ и Федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэмрэ ветеранхэмрэ. «Чекистым и Іэщ1агъэм хэхуэу щІэу зэпымыуэ идеологиемрэ захъуэжами, фи кьалэныр зэрырщытауэ къонэж. Ар зытеухуар къэралым и шынагъуэншагъэр хъумэныращ. Нобэ дэ щэч кьыгедмыхьэжу жьытІэ хъунущ ШынагъуэншагъэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм ди къэралым шынагъуэншагъэмкІэ и органхэм хуэфащэ увыпІэ зэрыщыубыдыр, абы и лэжьакІуэхэм, нэхъыжьхэм я хабзэфэхэм пащІэурэ, езыхэм я къалэнхэр щІыхь пылъу зэрагъэзащІэр. Дэ пщІэшхуэ худощІ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Урысейм и Илъэс щ1ыплъ зэрыщытыр, абы и лэжьакІуэхэмрэ шынагъуэншагъэ зэрыщытыр щІэныгъэмкІэ фэ евгъэкІуэкІ лэжьыгъэшхуэм. Ди республикэр Іэщ1ныгъэшхуэ имыгъуэту зэхъуэкІыныгъэ илъэс хьэлъэхэм кьыззэрикІамкІэ, абы мамырыгъэмрэ зэпІэзэрытыныгъэмрэ щІыхъуэ зэрыщІихъуамкІэ, шэч хэмылъу, фІыщІэ ин ябгъэдэлъщ фи управленэм и лэжьакІуэхэм», - жиІащ Къанокъуэ Арсен.

КъБР-м и Іэтащхьэм къыззэрильытэмкІэ, экстремистхэмрэ террористхэмрэ сыт хуэдэ Іэмалри щхьэгъэсэбэпу ди дэж щыщІэ щытыкІэр зэІэгъэхьэну щыхуежьэну, Іэщэ яІыгъыу зыкъэІэтынкІэ щІыхъуну зэманым, управленэм и лэжьакІуэхэр сакъыу, сыт хуэдэ Іуэхуми зэрыхуэфащэкІэ зэрыпэщІэувэным хуэхьэзыру щытын хуейщ.

«Иужьрей илъэсхэм щыІа къэхъукъащІэхэр абы щыхьэт наІуэ тохьэ. Дэ дигу ихуркъым а лъэхъэнэ къэрыбгъэдэу хэкІуэда фи лэжьакІуэхэр икІи тхузэфІэкІ псори длэжьын хуейщ дэтхэнэ щІэпхъаджащІэми хуэфащэ лъысыжьын папщІэ», - къыхигъэщхьэхуакІащ Къанокъуэ Арсен.

Республикэм и Іэтащхьэм къыззэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ 2012 гъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым мыЕйуэ зэрриухым. «Ди щІыналъэр иджыпсту щытыкІэ мытынщым итми, дэ къэкІуэным фІыкІэ щыдогуГъ. Абыкіэ щэсыпІащ ди щІыхьэм къыдалъхуауэ яхэлъ губзыгъагъэмрэ егугъныгъэмрэ, абыхэм я зэхэщІыкІымрэ зэжьыгъэм я гур зэретамрэ», - жиІащ абы икІи адэкІэ щІигъужащ республикэм и властыр зыужьынымкІэ стратегие убзыхуам зэрытетыр, экономикэм щэщІауэ икІи зэпІэзэрыту зегъэужьынымкІэ къалэнныщІэхэр зэрызыхуигъэувыжыр.

«Социальнэ политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэр щІыхуэм я псэукІэр егъэфІэкІуэныгъ. ДызыхуэкІуэ илъэситхум къриубыдэу республикэм и щІыхуэм я псэукІэр ику иту Урысейм щыІэ псэукІэм пэщІыхьэн хуейщ. Апхуэдэ мурадхэри мыхьэнэшхуэ зиІэ нэгъуэщІ пльапІэхэри къыззрыдэхъулІэнум щэч къытесхьэркъым. Абы папщІэ дэ нэхъыщхьэ дыдэу дызыхуейр псоми ди унагъуэу щыт Къэбэрдей-Балъкъэрым мамырыгъэрэ зэгурыІуэныгъэрэ щІэнырщ», - жиІащ республикэм и Іэтащхьэм.

Къанокъуэ Арсенрэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Хьэсанэ Русланрэ УФ-м ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэ гупым КъБР-м, КъБР-м и Правительствэм я щІыхь тхылъхэр, «КъБР-м щІыхь зиІэ и юрист», «КъБР-м щІыхь зиІэ и экономист» щІэ лъапІэхэр зэрыфІащ1амкІэ щІыхьэт тхылъхэр, КъБР-м и Іэтащхьэм и ФІыщІэхэр ираташ. КъБР-м и ЩІыхь тхылъыр хуагъэфэщащ УФ-м и Федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ генерал-майор Кменный Сергей.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Зэхущытыкіэхэр егъэфІэкІуэным топсэльыхь

Путин Владимир дыгъэгъаззм и 20 - 21-хэм хэтащ Урысей Федерацэмрэ Европэ зэгухьэныгъэм (ЕС) хьэмэ къэралхэмрэ я Іэкіуэхэм я зэІуущІэм. ЕС-м кьыбгъэдэкІыу зэхуэсым хэтащ Европэ совет-тым и унафэщІ Херман Ван Ромпейрэ Европэ комиссэм и Іэтащхьэ Жозе Баррозэрэ.

Брюссель иджы 30-нэрэ щекІуэкІэ зэхуэсыхуэм щытепсэльыхьащ мы зэманым нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэу къальытэ Іуэхуэхэм - къэралхэм я цІыхуэхэр виззэшІэу зэкІэльыкІуэу зэтеухуэрэ, энергетикэ Іэнатіэм дяпэкІи щыІэздзлъэжьэным, сату-экономикэ зэхущытыкІэхэр егъэфІэфІэуэным. Апхуэдэуи тепсэльыхьащ жылагъуэр зыгъэпсынкІэ дунейпсо Іуэхуэхэм.

Зэманым добакъуэ

Инджылызым и Пащтыхь Гуащэ Елизаветэ Етуанэм зэманым кьыдэкІуэ зэхъуэжьынигъэщІэхэм закъыкІэригъэхуну и мурадкьым: и къэралым и цІыхухэм ар Илъэсыщ1экІэ зэрехьэхьэхур 3D форматымкІэ тхауэ кьагъэльэгъэнущ.

РОЛИККЫМ еплъыну Іэмал зиІэнур куэд дыдэ хъуркъым – абы хуэщІа экранрэ нэгъуджэ хэхарэ уиІэн хуейщ. Пэщ, а Іэмэпсымэщ1эхэр зимы1эхэмэ «яхуеблэгъэнущ Пащтыхь Гуащэр - кьыззрыгуэкІ телевизорхэмкІэ кьыззрыгуэкІ форматкІэ еплъыфынущ.

«Дызытехьэ гъэр ди дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэщ икІи ди лэжьыгъэм щІэщыгъуэ гуэр хэтлъхьэну дыхуеІуэ аращ ар кьыщІэдгупсысэр», - щыжаІащ Букингем уардэунэм и пресс-Іуэхущ1апІэм. Зи гугъу ящІри, зэгурыІуэныгъэм я тепсэльыхь Етіуанэр къэрал унафэщІу зэрыщытрэ илъэс 60 зэрырикъурщ.

Пащтыхь Гуащэм и щІыхуэхэм зэрызахуигъаззм кьыхэщІу щытынущ икІ илъэсым къэралым дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуэхэм ятеухуа теплъэгъуэхэри. Псалъэм папщІэ, мы гъэм Іэтауэ яГъэ лъэпІэхэм ящыщу Елизаветэ Етіуанэмрэ и щхьэгъуэмрэ зэрыщІэдзэпсэуэр илъэс 50 зэрырикъуар, абыхэм я кьуэрылъхур унагъуэ зэрыхьуар, нэхъыщІэхэращ, Лондон Олимп Джэгуэхэр зэрыщекІуэкІар.

Мы махуэхэм

Дыгъэгъаззм и 22, щэбэт

□ 1790 гъэм Суворов Александр зи пашэ урысыдзэм Измаил тырку быдапІэр къыштащ.

□ 1920 гъэм Урысейр электрификацэ щыным теухуа къэрал план (ГОЭЛРО) зэхалъхащ.

□ 2001 гъэм Налшык къыщыІэуахащ Къэрал киноконцерт гъэльэгъуапІэ (ГКЗ)

Дунейм и щытыкІэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым кьыззэритымкІэ, Налшык уэс кьыщесынущ, ЩІыІэр махуэм градуси 7 - 6, жэщым 9 - 7 щыхъунущ.

Дыгъэгъаззм и 23, *тхъэмахуэ*

□ 1905 гъэм Тэрч областым зауэ щытыкІэ щагъэувауэ щытащ.

□ 1947 гъэм яп транзисторыр ящащ.

□ Тхьэр щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор **Аэщ1окьуэ Геннадий** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым кьыззэритымкІэ, Налшык уэс кьыщесынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 7 - 3, жэщым 10 - 7 щыхъунущ.

Дыгъэгъаззм и 24, *бльщ1хьэ*

□ 1979 гъэм Советыдзэхэр Афганистаным ихьащ.

□ 1991 гъэм Правительствэ связымрэ информацэмкІэ Федеральнэ агентствэр (ФАПСИ) кьыззрагъэпэщащ.

□ Совет Союзым и цІыхубзэ артист, СССР-м и Къэрал сатуэтым и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Крючков Николай** кьызэрралъхуурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

□ Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **ЕхьулІэ Мартин** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

□ Актрисэ **КІэхумахуэ Фатімэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым кьыззэритымкІэ, Налшык уэс кьыщесынущ, ЩІыІэр махуэм градуси 9 - 8, жэщым 9 - 7 щыхъунущ.

ПланэтэР зыгъэхьэзырар ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Мариэтщ.

Пресс-конференцхэр

ПУТИН Владимир:

Псом япэу езы республикэхэм дечэнджэщынущ

Дыгъэгъаззм и 20-м Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир иригъэжьуэкІа пресс-конференцым урысей журналистэ 1000-м щІигъу (Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ зыбжани яхэту), нэгъуэщІ къэралхэм я журналистэ 200-м нэблагъэ хэтащ. Ар зэрекІуэкІыр заншІэу эфирым кІуэуэ кьаГъэльэгъуащ, къатащ къэралым и телеканал, радиостанц зыбжанэм. Пресс-конференцым щытраха видеоматерналымрэ стенограммэмрэ Интернетым и kremlin.ru сайтым итщ.

ПУТИН Владимир зэІуущІэм и пэщІэдзэм кьихьащ экономикэ зыужьыныгъэр зэрекІуэкІым екъэІа бжьгъэ зыбжанэ. Кьапщтэмэ, къэрал кІуэщІ валовэ продуктыр щІыщыІэ-жэпуэгъуэ мазэхэм кьриубыдэу процентэ 3,7-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Президентым зэрыжиІамкІэ, Европэм и къэралхэм я экономикэр кьыззрыззтеувыІар, США-м и экономикэм зэрызэужь псынщІагъым зэрыкІэрыхуар, уеблэмэ Китайм ехьуІэныгъэ егъэпеяхэр зэрримыІэр къэплъытэмэ, ар Іейкъым.

Дыгъэгъаззм и 17-м ирихьэлІэу ахъшэм и пщІэм процент 6,3-кІэ кІэрыхуауэ араш, 2011 гъэм кьриубыдэу мазэ лъэхъанитІ-р яку иту сом 23369-рэ хъуэу щытамэ, дызэрыт илъэсым и щэкІуэгъуэ мазэм ар сом 27607-м нэсащ. ЛъэхъанІэншэхэм я бжьыгъэр процент 6,6-м щегъэжьауэ процент 5,3-м нэсу ехащ. ЛъэхъанІэ ямыІэу официальнэу ятхуэхэр зы процент хъууэ араш.

ЩІыхуэхэм кьыхэхъуэ ахъшэр дызэрыт илъэсым процент 4-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Ар нэхъыбэу кьыззыпэкІуэр дзэм хэтхэм, къэрал кІуэщІ дзэхэм кьуныкъу щызыщІэхэм, МВД-м и лэжьакІуэхэм я улахуэм куэд зэрыхущІагъуарщ, а Іэнатіэхэм щылэжьакъэ я пенсэхэр хуэдэ 1,6-кІэ зэрыхагъэхъуарщ. Путин Владимир кьыззрилытэмкІэ, къэралым и макроэкономикэр икъуэкІэ зэпІэзэрытщ. «Сэ сыхуеІщ къэралым и унафэщІу адэкІэ щытыпхуэм ехьуІэныгъэ нэхъ иныжьхэр яІэну, нэхъыбэ къехъуІэну, сыту жыпІэмэ сэ Урысейр фІыуэ сольагъу», - кьыхигъэщхьэхукІащ Президентым.

Жуурналистхэм кьыхалъхьа упщІэхэм яхэтащ щыналъхэм зэрездзэр зэхъуэкІыным теухуауэ яІыныкъуэ политикхэм кьагъэувэр Президентым кьыззрыщІыхър. Псалъэм папщІэ, Татарстаныр Къэбэрдей-Балъкъэрыр Іуащ1ыжмахуэ лъапэ Республикэ жиІэу зэхъуэкІыныгъэ кьзыльытыгъэр щыІэщ.

Путин Владимир Іупщ1у жиІащ зэгуэр кьэралыр губернэкІэ гуэщ1ауэ зэрыщытам ухэзэкІуэжьын и пэкІэ, псом зэпу ЛъэпкъэпкІэ республикэхэм еЗэнджэщ1ыпхъу кьыззрилъытэр. «Дэ зыкІи дыхуейкъым абы ехьэлІауэ зэгурымыІуэныгъэ гуэрхэр кьхъуну... Апхуэдэ дэтхэнэ унафэри кьапщтэ зэрыхъунур референдумкІэщ е парламентым и унафэкІэщ... Апхуэдэ Іуэхуэхэм унафэ зтепщІыхь хъунукъым, дэри тетщІыхьынукъым Урысей Федерацэм и субъектхэр хэмыту».

Щэджагъуэм кьызэІуаха пресс-конференцыр сыхьэтиплым щІигъукІэ екІуэкІащ.

Щэнхабзэр террорым и бийщ

2012 гъэм дыгъэгъаззм и 25-м КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм иригъэкІуэкІынущ «Щэнхабзэр террорым и бийщ. Дэчыхьыныгъэм и лъабжьэр щэнхабзэщ» Кавказ Ищхьэрэм и щІалэгъуалэм я зэхуэсыщхуэ.

НАЛШЫК къэкІуэнущ Осетие Ищхьэрэм-Аланием, Ставрополь крайм, Щэшэн, Ингуш республикэхэм я лЫкІуэкэр.

А зэхуэсым хнубыдэу дыгъэгъаззм и 25-м сыхьэт 11-м Мэлбахьэу Тимборэ и цІэр зезыхьэ лъэпкъ библиотекэм щекІуэкІынущ «Дэчыхьыныгъэм и лъабжьэр щэнхабзэрщ» зэІуущІэр. Абы хэтынущ Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм я лЫкІуэхэр, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм, КъБР-м ЩІыхубзэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгуэхьэныгъэхэмкІэ и министерствэм я лэжьакІуэхэр, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и лЫкІуэхэр.

А махуэ дыдэм сыхьэт 17-м Кавказ Ищхьэрэм и щІалэгъуалэм я зэхуэсыр концерт нэгъуэщІыжькІэ щІэзэхуащІыжынущ Къэрал киноконцерт гъэльэгъуапІэм. Абы хэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Осетие Ищхьэрэм-Аланием, Щэшэным, Ингушым я артист пажэхэр.

ФЫРЭ Руслан,
КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ.

Лъэпкъ Іуущыгъэ:

Гъуэмылэр гъуэгум щыхьэлъэкъым.

● КъБР-м и Парламентым

2013 гъэм и бюджетыр къащтэ

Иджыблагъэ КъБР-м и Парламентым бжыхьэ сессиемк и нужьрей эзІуІэр щекІуокІаш. Ар кьызэІуихаш икІи иригъэкІуокІаш КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Чеченов Ануар. Абы Іуэху 22-м ящыІэм щыхэплъащ.

ЗЭІУЩІЭМ 2013 гъэм и бюджетыр ещанэ хэпльэгъуэм, нужьрейм, кьыщыхэдащтащ. 2013 гъэм республикэм бюджетым хэхъуэу сом мелард 25-рэ нІэнуц, зымащІкІэ нэхьыбащ - сом мелард 26-м щІегъу - кьиГъэсбэпыну иІэн хуейр. КъБР-м и Парламентым Бюджетымкі, налогымрэ финансхэмкі и комитетым и унафэщі **Ахьуэхьу Кьанщобий** кьызэрыхиГъэщамкІэ, ящэ хэпльэгъуэм бюджетым хуащІа нысхьэсанытъэхэр зэрагъэзэжащ, зымащІыгъуэкІыпхьэри хальхьэжащ. Абы щыхьэт текІуэхэм ящыщ Іуэху щхьэхуэхэм ятеухуа программэхэр нэхьыбэ зэрызхьуар, иджыкІэ абы и бжыгъэр 36-м хэхъуащ. А программэхэм ящыщу экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэщІэтыным екъэлІа Іуэхуэхэм сом мелуани 8,1-рэ, коррупцэм - 7,2-рэ, унагъуэ зыужьыгъащІэхэм псэунІэ зэрагъэпэщынымкІэ иридзІэпыкъуну сом мелуан 50, республикэм щынагъэнщагъэр кьыщІэзгъэпщынымк сом мелуан 59,5-рэ хухах. Ауэ мыпкъыкІэ щІамыгъэбыда программэхэри щыІэщ. Ахьуэхьэм зэрыжиІамкІэ, программэ гъэхэр ведомствэ зыбжанэм я мыпкъыкІэ яГъэзэщІнуращ. ЗЭІУЩІЭМ кьыщыІэдащтахэм ящыщщ КъБР-м и Парламентым и Щыхь тхыпльым екъэлІа зэхъуэкІыныгъэхэр. Иджырей мардэмкІэ Щыхь тхыпльыр щІратым и щхьэусыгъэр нэхъыбэ хьунущ.

ЗэхъуэкІыныгъэ халъхьащ жэщым цІыкІуэм загъэпсэхуну эзран яхуэхьуэхэм тралъхьэну тезырым екъэлІа законым. КьыщыжиІащІэуэ, зэІуІэм щагъэбелджылащ Урысей Федерацэм и Кьэрал Думэм «Парламентаризмэм зрагъэжьыным хуащІа хэлъхьэныгъэм папщІэ» и дамыгъэ лъапІэр зыхуагъэфэщэнухэр.

КъБР-м и Парламентым 2013 гъэм и ГъатхэІ сессием зэфІигъэкІыну Іуэхуэхэр яубыхуащ.

ЗэІуІэм и кІэухым Чеченов Ануар илъэсыщІэ кьэблагъэмкІэ депутатхэм екъуэхьуащ, я лэжьыгъэм папщІэ фІыщІэ яхуищащ.

2012 гъэм и бжыхьэ сессиер Урысей Федерацэмрэ Кьэбэрдей-Балькъэрымрэ я Гимнхэмкі зэхуэщыжащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

●Къэрал къулыкъущІапІэхэм

ЩІыхуэ къатенакъым

Кьэбэрдей-Балькъэрым федеральнэ бюджетым иракъуу хилъхьащ республикэм и щІыналъэм щыІэ мэзхэр кьызэригъэсбэпым пэкІэ уасэр. Ар хэІущІыу щыхуащІ Урысей Федерацэм Мэз хозяйствэмкІэ и кьэрал комитетым и унафэщІым и кьуэдзэ Будаков Анатолий иригъэкІуэна урысейпсо селектор зэІущІэм.

АЗЭІУЩІЭР теухуауэ щытащ 2012 гъэм мэзхэр кьызэрагъэсэбэпым пэкІэу уасэр УФ-м и бюджет ІэнатІэм хуэщІыгъэуІуэным. ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и вице-премьер Кьуэдзокьуэ Мухьэмэдрэ КъБР-м Мэз хозяйствэмкІэ и кьэрал комитетым и унафэщІ Соттаев Кьурмэнрэ.

ЗэІущІэм зэрыщыжаІамкІэ, зэрыщыту Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и субъектхэм мэзхэр кьызэрагъэсэбэпым пэкІэуэ ятель щыхуэр ирихьым и пэщІэдзэм ельытауэ процентэ 10-кІэ зрагъэмащІ икІи иджы зэрыхьужыр сом мелуан 46,6-рэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Япэ игъэщыпхъэхэр

ЩЫпІэ самоуправленэмкІэ Урысейпсо Советым и Кьэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ кьудамэм иджыблагъэ зэІущІэ иригъэкІуокІаш. Ар кьызэІуихаш зи гугъу тщІы кьудамэм, ЩЫрэздж район администрацэм я унафэщІ Темиржанов Махьтэ.

- ИужьрЕй илъэсхэм ди республикэм Іуэху куэд щызэфІагъэкІ, гулыитэ хэха хуащІ щыпІэ самоуправленэхэм я лэжьыгъэр кьызэрэпэщІа хьуным, кьуажэдэсхэм я гъашІэр ефІэкІуэнэу. Ди Советым хэтхэм ящыІэм, республикэм кьыщІэт Іуэхуэхэм я зэфІэкІ кьыщагъэлъагъуэ. Ди Президентым и къэнэжьыгъэ ящыІэ Кавказ Думэм, нэгъуэщІ щыпІэхэм щыІа конференц зэмылІэужьыгъуэхэм, УФ-м и Президентым и хэхьыныгъэхэм жыдкэру дыхэтащ. Мы гъэм и фокладэм ди Советым хэтхэм ящыщ щыІащ Сочэ кьалэ щекІуэкІа 11-нэ дунейпсо инвестицэ форумым, - жиІащ Махьтэ.

АдэкІэ Темиржановым и гугъу ищІащ кьуажэдэсхэм яІэ хэхъуэр зэрымащІэм, куейхэм щыІэ гъуэгухэм арэзы укыьзэрамащІым, нэгъуэщІхэмк.

КъыкІэлъыкІуэу псалъэ иратащ Налшык кьалэ Советым и унафэщІ Муравьев Игорь.

- Дэ нэхъыщІхьэу дызытелэжьыхьар Налшык и социально-экономикэ зыужьыныгъэр, 2013 гъэм и бюджетыр зыхуэдэнэр, мыпкъыр зэгъэзэхуэ зэрыхьуну Іуэхуэгъэхэр. Абыхэм кьищынэмыщІауэ, зэпымыІууэ ди нэІэ тетщ республикэм пщІэрэ щІыхьрэ кьыщцІэлжьахэм я фэеплъ пшыхьэхэр кьызэгъэпэщынымк, зыхуэфащэхэм я цІэр Налшык кьалэ и уэрамхэм фІэщыным теухуа Іуэхуэхэм, - жиІащ Муравьевым.

Бахьсэн, Шэрэдж, Лэскэн, Тэрч районхэм я лІыкІуэхэри кьэпсэпащ, Советым зэфІигъэкІ Іуэхуэхэм, яІэ игъэщІпхьэу кьалъытэхэм щхьэхуэу кьытеувыІэу.

ЗэІущІэм кьриплъэлІахэм хахащ ЩЫпІэ самоуправленэмкІэ Урысейпсо Советым и бюром хэтыныжр. КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Іем и кьуэдзэ Власов Александр Советым и Кьэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ кьудамэм и унафэщІ кьалэныр Темиржанов Махьтэ хуиГъэфащэу кьыкьихьыати, кьыщхьэхсахэр абы арэзы техьащ.

ИНАРОКЪУЭ Даниэ.

● Къеблагъэ, ИлъэсыщІэ!

Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ къапоплъэ

Профсоюзхэм Щэнхабзэмкі я унэм (Налшык кьалэ) щагъэуба псейр дахэщ, инщ. Дыгъэгъабзэм и 29-м абы игъэгуфІэнущ сабий цыкІуэхэр, дэтхэнэми уэрэд жригъэІэнущ, и хьуреягъыр кьригъэфыкьынущ.

ИЛЪЭСЫЩІЭР щагъэльэпІэну я гуфІэгъуэ махуэр щІэщыгъуэу екІуэкІынущ, Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ сабийхэр яГъэдэжгунущ. Махуэшхуэм хэтынущ кьалащьэмрэ республикэм и районхэмрэ кьикІыну сабийхэр.

ИльэсыщІэ зэхьыхьэ зэхьыхьэгъэпэщ комитетым ирилъэмуэлІа зэІуІэм щабубыдащ зэфІагъэкІын хуей Іуэхуэхэр. КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іем и кьуэдзэ Кьуэдзокьуэ Мухьэмэд жиІащ цІыкІуэхэм иратыну Іэфы кІэхэр фІы защІэу щытын зэрыхуейр. Ар щІэупщІащ сабийхэм я щынагъэншагъэр КъБР-м и МВД-м, МЧС-м кьызэрызэрагъэпэщыну щыкІэм.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Фырэ Руслан КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Тюбеев Альбертрэ кьыхахэщащ псори и зэманым зэфІэха зэрыкьунур, лъэпощхьэпо гуэри зэкІэ зэрыщымыІэр. Сабийхэр зыпэплІэ махуэр зэрекІуэкІыр хьэбзарегъащІэ ІэнатІэкэм тэмэму кьагъэльэгъуэныр пщэрыпІ щащІащ КъБР-м цІыхубэ хьыбарегъащІэ Іуэхуэщ Іапі эхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгуэхьныгъэхэмкІэ министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Кьумахуэ Мухьэдин.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Тэрч куей

Депутатхэр еджакІуэхэм яІуощІэ

Тэрч кьалэ дэт курыт еджапІэ №2-м иджыблагъэ щыхьэщІащ Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и комитетым и унафэщІ Дадэ МуІэдрэ КъБР-м и Парламентым и депутат Токъуэ Русланрэ. Мы зэІущІэр кьызэрагъэпэщащ кьэралмуниципальнэ еджапІэхэм щІэсхэм ядэлажьэныжьмкІэ КъБР-м и Парламентым зэхилъхьа Іуэхуэхэр гъэзэщІэным хиубыдэу.

АПХУЭДЭ зэІущІэхэр хуэунэтІащ Урысей Федерацэмрэ Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэмрэ я кьэрал политикэр пхыгъэкІыныжмкІэ кьэрал властым и органхэм зэфІагъэкІхэм щалэрыуалэр щыгъуазэ хэущІыным. Дадэ МуІэд школакІуэхэм яжриІащ мыпхуэдэ зэІуІэхэр дяпэкІи кьызэрызэрагъэпэщынур икІи абыхэм зэпымыІууэ Парламентым щылажьэ депутатхэр зэрыхэтынур. Ар тепсэльыхьащ республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и кьызэгъэпэщыкІэмрэ иригъэкІуэкІ лэжьыгъэмрэ. Адэкіэ хьэщІэхэм жэуап иратащ школакІуэхэр зыщІэупщІахэм.

ЕджакІуэхэм кьагъуэва упщІэхэр ехьэлІат кьэралым, республикэм я кьакъэрдтелъытэм и Іуэхуэгъэ щхьэхуэхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэтІысхьэныжмкІэ, нэгъуэщІ кьэралхэм щеджэныжмкІэ щыІэ Іэмалхэм. ЕджакІуэ зыбжанэм я упщІэхэр теухуат школхэр кьэзыуухэм тэмэму зэрылэжьэфын Іэщ Іагъэхэр кьыхахын папщІэ кьэзытатпхьэхэм, апхуэдэу лэжьапІэншэу куэд зэрыщыІэм и щхьэусыгъуэм.

Клас нэхъыжьхэм щІэсхэм захуигъаазэри, Дадэ МуІэд жиІащ ахэр емыязышыкІу кьэзгъэ зэрыхуейр. «Школым щыІэгъуэта щІэныгъэр зыхуэдэрщ фи кьэкІуэнур зэльытауэ щытынур», - кьыхигъэщхьэхуэкІащ абы.

КІУАНТІЭ Замирэ,
Тэрч районым и щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ.

● КъБР-м и Жылагъуэ палатэм

КІэух зэхуэс

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и япэ хэхьыгъуэм и советым и мэзыгъэсэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и комитетым и унафэщІ Тау Пщыкьанрэ советым хэтхэмрэ кьыщыалъхуа махуэмкІэ гуапэу екъуэхьуащ палатэм и унафэщІм и кьудзэ, щІэныгъэхэм я доктор, Урысейм Естественнэ щІэныгъэхэмкІэ и академием и академик Федченкэ Людмилэ.

ЗЭІУЩІЭР зыхэпльа япэ Іуэхуэгъуэр Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм 2012 гъэм иригъэкІуэна лэжьыгъэмрэ Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и граждан жылагъуэмрэ я щыІкІэм теухуа отчетыр кьэщтэныгъэ. Советым хэтхэм документым нэхъ пасэу щыгъуазэ зыхуащІри, зыхуэфащэу кьалъытэ зэхъуэкІыныгъэхэри халъхьащ. Отчетыр советым зэрэхьалэтъуу кьыщащтащ. Ар палатэм дыгъуасэ иригъэкІуэна пленар зэІущІэм хэІущІыу щащІащ, КъБР-м и Іэтащхьэм, КъБР-м и Правительствэм хэтхэм я пащхьэ ирильхащ. Апхуэдэу отчетыр тетынущ республикэм кьыщыдэкІ газетхэм.

Зы тхъмахуэ дэкІмэ, екІуэкІынущ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и етІуанэ хэмытыуэм и пленар зэІущІэр. Абы палатэм и унафэщІыр щыхахынущ, апхуэдэу Жылагъуэ палатэм и комиссэхэр кьыщызэрагъэпэщынущ икІи абыхэм я унафэщІхэри щагъэувынущ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и япэ хэхьыгъуэм и советым и зэІущІэм кьыщащтащ Щэджэм муниципальнэ районым щыІэ «Осина» жыг хадэхэр зыгъэзэІ зэгуэхьныгъэхэм хиубыдэу мэзыр зэрыщІапэущІыр кьызэтегъэувыІэным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм зэрызыхуагъазэр.

Іуэхум и кьекІуэкІыкІар мыпхуэдэщ. Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм жыг хадэхэр зыгъэзІ зэгуэхьныгъэхэм зыщегъэжьыкІ мурадкІэ, республикэм и Министрхэм я Кабинетым кьыдигъэкІауэ щытащ «Осина» хуиубдэм хуиубдэ щыхьэм щыщ Налшык мэз-щакІуэ хозяйствэм кьеІыныжмк икІи жыг хадэ зыгъэзІ зэгуэхьныгъэ кьызэрригъэпэщын папщІэ Щэджэм районым и администрацэм етыным и Іуэхукі» Унафэ №90. Абы ипкъ иткІэ, Кэнжэ мэз хозяйствэм гектари 7 кьыІахри, Щэджэм районым и администрацэм иратауэ щытащ.

«Осина» зэгуэхьныгъэм ирагъэбыдыІа щыр кьуакІэбгыкІэщ, ящыныкьуэ джабэ нэкІуэхр градусри 10 - 15 хьуэу, икІи илъэс куэд зи ныбжь мэз итщ. А щІыпІэр ягуэша нэужь, щыхуэхэм мэзыр паупщу икІи а щІыпІэм унэхэр иращІыкьу щІадзащ. Ауэ мы щІынальэм и геологие щытыкІэм кьызэригъэльагъэмкІэ, джабэхэм ит мэзхэр паупщІэ, унэхэр ящыкІи папщІэ кьатІу хуежьэмэ, уэшыпс-уэсыпсым щыр кьрильъэхьыу хуежьэнущ, зэранигъэшхуэ кьихьынущ. Апхуэдэу жаІащ Іэхуэм и щытыкІэм щыгъуазэ зызыщІа гидрологхэм, экологхэм, геологхэм. Абы кьыхэкІыу КъБР-м и Жылагъуэ палатэр республикэм и Правительствэм ийольэу щытыкІэм щыгъуазэ зыхуищу зыхуэфащэ унафэ кьыщтэну.

● Налшык

Абхъазым и утым кьыхолыдыкІ жыг щхьэантІэ дахэкІейр

Налшык Абхъазым и утым илъэсыщІэ ресей щагъэуващ.

ЗИ ЛЬАГАГЪЫР метри 9 - 10-м нысэрыхьэс псей Іэрыщ Іэр зыныгъ гъущІ Іэмэпсымэхэр япэ щыкІэ яГъэуващ. Ижькі э псейм и кьудамэ зэрыщІыхэр щхьэкІэм нэсу трагъэувэжащ.

Іуэхум елэжь Іэщ Іагъэлі эхэм зэрыжаІамкІэ, апэу псейр уэздыгъэ щхьэжьэкІэрыщІыкІэхэмкІэ зэщІэблэнщ Налшык и кьалэ дыхьэпІэхэмрэ уэрам нэхьыщхьэхэмрэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Дэ къытхуатх

Зэрылэ папщІэ жыдоІэ

Дэтхэнэ цІыхуми и псэм щигъафІэхэм, щэ хэмылъу, япэ дыдэ ирегъэщи анэр. Аращ къэхъугъэ псоми я кьежьапІэр, дунейм и нэхутэр, ІэфІыгъэр, зыуэщІыныгъэр зэхъэлІар. Апхуэдэ цІыху лъапІэщ дрежкІэ ди анэ гуащІэ. Гуащэ Іущ, анэщхуэ Іэфі Хьэпэ Зэрылэ.

ТЭРЧ щІыналъэм зы бзыльхугъэ Іэдэб исмэ, етІуанэщ Зэрылэ. Жызыі эн кьыхэкІыкІи хьунщ: «Хэт и ани апхуэдэу кьыщІохьэ». Апхуэдэу щытми, ари фІыщ: анэм и гур зыгъэдахэр бын лъагъуныгъэрщ, гулыитэрщ. Зэрылэ езыри бынунагъуэшхуэм кьыхэкІащ. Болэтэт щыщ Хамэхэ япхъуэ ар. И ныбжь нэсри, унагъуэ хьуащ. Абы псэгъу хуэхъуат Хьэпэ Пщыбий. Нэмыс зыхъэль бзылъхугъэр пщІыпхъу яхуиту, хабзэ зкІэлъыІэрихьэу яхэсащ зыхэхуа унагъуэм, езыхэми нысэу ядмыльытэу, пхъум хуэдэу фІыуэ кьальэгъуащ.

Унагъуэ дахэ яхуащ зэщхьэгъуэхэм; абыхэм кьащІэхъуащ бынри 5 - Алик, Замир, Албиян, Антонинэ, Ольгэ сымэ. Дэтхэнэми щІэныгъэрэ зэрыпсэун Іэщ Іагъэр иратащ адэ-анэм, ахэр унагъуэ тэмэму гъэтІысыжьыныжмкІи лъэкІ кьагъэнахьым.

Нобэ Зэрылэ и закъуэщ быным нэхъыжьу кьытхэнар. Ар жыдэжэщ, лъэныкмкІэ дэтхэнэми зыкьытщІегъакьуэ, и Іэнэгур зэІухащ икІи берычэтщ, псоми ди чэнджэщгъу, ущиякІуэ Іущ. И сабийхэм щІэчэ имыІэу елэІа анэр иджы хущІокьу абыхэм кьащІэхъуэ щІэблэ дахэр гъащІэм гъуэгу захуэ щытригъэувэным. Нэхъыжьым дапльэгу щапхъэм тету, ахэр, псом нэхьрэ нэхъыщхьэращи, цІыху пэжжэщ, псэ кьабзэхэщ, пщІэ, нэмыс яхэльщ. Псори уэщІокъу анэшхуэм игу фІы зэрыхуащІыным, я псалъэ Іэфі эрыпэзэрагъэхьным.

Ди анэ, гуащэ, анэшхуэ Іэрылэ иджыдэлъэ илъэс 80 иригъуащ. Унагъуэр хьуэмэным, быныр, абы кьащІэхьуэ щІэблэр пІыным кьарурэ зэрІэкІыу иІэр езыхьэлІэ ди нэхъыжьыфІым дохьуэхьу и лъэр жану, уэшнэщ, ди гулыитэ щымыщІэу, кьыщІэхьуэ щІэблэм я насыпт хэпльэу куэдрэ тхуэпсэуну!

Зэрылэ и бынхэр, кьыщІэхьуэ щІэблэр.

● Бахъсэн куей

Сыт Іулъхьэр щІамыгъэкІуэдыр?

«Бахъсэн муниципальнэ куейм 2012 - 2013 гъэхэм Іулъхьэм щебэныН» программэ ублэхуар гъэзэщІэным хиубыдэу район администрацэм и пэщІыхэм иджыблагъэ семинар-зэІущІэ щекІуэкІащ.

МУНИЦИПАЛЬНЭ кьулыкъум пэрытхэм, хабзэхьумэ Іуэхущ Іапі эхэм, жылагъуэмрэ щІалэгъуалэмрэ я лІыкІуэхэм я пащхьэ ирильхьащ Кьэбэрдей-Балькъэр кьэрал университетым и юридическэ факультетым и кафедрэм и доцент Кьазджрий Эммэ.

Абы зэрыжиІамкІэ, Іулъхьэр щІахуэмыгъэкІуэдыр Іуэхугъуэ куэдым хуэпхъхьунущ: улахуэр зэрыщІыкІуми, щІыхуэхэм я хуитныныгъэхэм тэмэму зэрыхэмыщІыкІми, ахэрал Іуэхуэщ Іапі эхэм зыщІыхуагъазэкІэ, хабзэм тету зыгуэр зэрыщэфІагъэкІыфынур я фІэщ зэрымыхьужми, нэгъуэщІхэми.

- Іулъхьэмрэ абы епха щхьэхуещагъэмрэ зыщІыбгъу жылагъуэр узыпфэ гуэр зыпкърыт сымаджэм ещхьщ, - жиІащ куей адміністрацэм и пэщІыр и кьуэдзэ Тохьутэмыщ Мухьэмэд. - Абы дызэрелэзэну Іэмалхэр иджыри кьыздэсым тэмэму убзыхуэуэ щыткъым, ауэ, дэ кьызэрытлъытэмкІэ, я хуитныныгъэхэм теухуауэ щІыхуэхэм юридическэ щІэныгъэ егъэзгъэтыныр Іулъхьэм уэрэрпэщІэтыфынэу Іэмалхэм я нэхъыфІ зыщ.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ кьулыкъу зезыхьэхэр, яІыгъ ІэнатІэм кьыкьуэгушхуІыкІ, щІыху кьызэрыгуГъэкІхэм епэгъэкІынкІ, ятекІиенкІ, нэмыщІ хуащІынкІ коррупцэм, щхьэхуещагъэхэм и тепльэгъуэхэм зэращІыщІ, апхуэдэр зымыдэ хабзэ ди кьэралым кьызэрыщІатэм.

ЗэІущІэм хэтахэр щІэупщІащ щхьэхуещагъэкІэ ахъшэ кьІыІыхьэхэмрэ зи кьулыкъу кьэзыгъэсэбэпхэмрэ зэрапэщІэуэвэфыну щыкІэм. Шынэрэ укІытэрэ кьыхэмыкІыу, хабзэхьумэ Іуэхущ Іапі эхэм закъуэгъэзэнращ хэмылІэу щыІэр. Апхуэдэ бгъэдыдыкъэм коррупцэм и кьарур щІех.

АЛОКЪУЭ Ариэ.

● Щэнхабзэ

Чурей Дыжьыни яхэтщ

Гъуэзджэхэмкі э Кавказ Ищхьэрэ институтым щызэхуащІыжащ Кавказ Ищхьэрэм Іыхьэ Іэмэпсымэхэмкі э оркестрэм я Щ Іфестивалу «Щалэгъуалэ. Гъуэздж. Зыужьыныгъэ зыфІащар.

МЫР кьызэзыгъэпэщахэм зытращІыхьар Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм и лъэпкъэм я щэнхабзэ хьугъэфІыгъуэр хуэмынэмрэ абы зегъэужьыныжмрэ, щалэгъуалэм я зэфІэкІ яГъэльэгъуэныжмкІэ ядэІэпыкъунырц, ахэр зэрыгъэщІыхьырц, зэгъэчэнджэщынырц.

Фестивальр кьызэзыгъэпэщащ комитетым и унафэщІ Гъуэзджэхэмкі э Кавказ Ищхьэрэ хэсащІ институтым и ректор, профессор, гъуэзджэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Рахаев Анатолэ, кьэпщІатакІуэ гупым и нэхъыжьхэр щІэрыІуэ, Урысейм и щІыхь и артист, дунейпсо эппеуэхэм я лауреат, Воронеж Гъуэзджэхэмкі э академием и профессор Скляров Александрт.

Зэхьыхэм хэтащ Налшык, Кырым, Краснодар, Минводы, Цхинвал, Владикавказ, Нэзрань, Смифероп, Сыхэм, Ставрополь, Элиста, Мэхьэчкалэ, Магас кьалэхэм щыщ гупхэр.

Фестивальр иригъэжьащ концерт гукьинэжкІэ. Абы хэтащ Скляров Александр, Урысейм щІыхь зиІэ и артист, Ростов и кьэрал филармонием и солист Шишкин Юрий, Гъуэзджэхэмкі э Кавказ Ищхьэрэ институтым и доцент; институтым ypыс щІыхьэ ІэмэпсымэхэмкІэ и оркестрым и дирижер икІи и художественнэ унафэщІ Лопатин Вячеслав сымэ. Зэхьыхьэм яІэ щІыкІэ щагъэзэщІащ иджырей урыс, хамэ зэкъуэшхэм композиторхэм я макъамэхэр. Кьыжьэлыжьуэ макъамэ ещанэ Іэ нэхъыщхьэхэм, ику итхэм я гупхэм я Іэзагъэр ягъэльэгъащ. КьрихьэлІахэм псом хуэмыдэу ягу ирихьыщ щІыхьэ ещанэ Іэ зэрэдзэмрэ зыгъэзэщІа Абхъазым и «Гунда» кьэрал ансамблыр. Гупым и художественнэ унафэщІыр Чамагуа Розэ. Абы хэтщ Налшык кьалэм ильэс зыбжанэкІэ щыпсэуа, филологие щІэныгъэхэм я кандидат Чурей Дыжьыни.

Фестивальым ирагъэблагъэ хьэщІэхэм ящыщт «Славица» (Ставрополь), «Аллегро» (Элиста) ансамблхэр. Зэхьыхьэм хэтахэм дипломхэр ираташ. Фестивальым музыкант цІэрыІуэхэм щатащ мастер-классхэмрэ концертхэмрэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.



● Гу зылъытапхъэ

Мэзым и хабзэ ткІийр

Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и мэзхэр хэхауэ яхьумэхэм ящыщц. Абыхэм я процент 95-р пхъэ щабэ, пхъэ быдэ мэзхэрщ. Псей, уэздыгъей лІэужьыгъуэхэр зэрытыр процент 5 кьудейрщ. Абы кьыхэкІыу ахэр ильэсыщІэ кьэс хэхауэ яхьумэ, хабзэм кьемыязэгъэ памыупщІын папщІэ, КъБР-м Мэз хозяйствэмкІэ и кьэрал комитетымрэ мэзыр зезыхьэ Іуэхущ Іапі эхэмрэ я лэжьакІуэхэр ткІийр кІэльопль хабзэм кьемыязэгъэну уэздыгъей, псей жыгыщІэхэр щыпаупщІ кьэмыгъэхьуным.

ЦІЫХУХЭР щыгъуазэу щытын хуейщ апхуэдэ хэуанщагъэхэр зыпэжьэкъэр УФ-м Административнэ кьуанщагъэхэмкІэ и кодексым ипкъ иткІэ, жэуап ткІийм зэрыращалІэм. Кьапщтэмэ, 8.28-нэ статьям зэрыщыгъэувамкІэ, хабзэм кьемыязэгъыу жыг пызыупщІа щыхум сом 3000-м щегъэжьауэ сом 3500-м нэсыхукІэ йотхьэхьу. Кьуанщагъэ зылэжьаным Іэмэпсымэхэр, автотранспорт кьагъэсэбэпамэ, ахэр кьыфІатхьэхьу икІи сом 3500-м щегъэжьауэ сом 4500-м нэсыхуу ирагъэпэшын.

Административнэ тезырым кьыдэкІуэу, мэзым зэранигъэ езытхаэм УФ-м и Мэз кодексым и 100-нэ статьям ипкъ иткІэ, а хэщІыныгъэм и уасэр ирагъэпэшынкъ. «Мэзым теухуа законодательствэр кьызэрызэпаудам кьихьа зэранигъэм пэкІуэр ясьэрабжьм и Іуэхукі э» УФ-м и Правительствэм 2007 гъэм накьыгъэм и 8-м кьыдигъэкІа Унафэр №273-м ипкъ иткІэ, псей, уэздыгъей кьыгъэр пызыупщІахэм пхъэкІэбжьэкІэм и уасэр 50-кІэ гъэбэгъуауэ ирагъэпшын. А тезырыр хуэдиткІэ ягъэбагъуэ жыгыр щыпаупщІар хэхауэ яхьумэ кьэзэрэ, апхуэдэу псей, уэздыгъей жыгхэр дыгъэГъэзэ-щІыщыдэ мазэхэм (илъэсыщІэ лъэхъэнэм) паупщІамэ. Кьапщтэмэ, сантиметр 12 и гъумагъ псей е уэздыгъей илъэсыщІэм ирихьэлІэу пызыупщІам сом 5500-рэ ирагъэпшынынущ.

Мэзэр ди щІыналъэм и мыпкъ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Абы кьыхэкІыу КъБР-м Мэз хозяйствэмкІэ и кьэрал комитетыр щІыхуэхэм я лІыкІуэ илъэсыщІэм ирихьэлІэу ягъэувыну псейхэмрэ уэздыгъейхэмрэ ахэр хэхауэ щащІэ щыпІэхэм кьыщащІэхуну.

Псейр хабзэм кьемыязэгъэу пыбубущІыныр нэхъ льапІэщ, кьэпщэхун нэхьрэ.

КъБР-м Мэз хозяйствэмкІэ и кьэрал комитет

Сакъыныгъэр зыщІывмыгъэгъупщэ

Статистикэм кьызэриты мкІэ, ильэсым щыщу дыгъэгъазэр мафІэс щынагъуэр щынэхьыбэхэм ящыщщ. Абы и щхьэусыгъуэри гурыІэгъуэщ - щыхуэхэм ИльэсыщІэ мазхуэщхуэм зыхуэхъэзырыр щІадзэри, мафІэр кьыщагъэсэбэпкІэ сакъын зэрыхуейр яІэщІ.

НЭХЪЫБЭУ мафІэс кьэзыщэ щхьэусыгъуэхэм ящыщщ ильэсыщІэ псейр хабзэм тету, щынагъэншагъэ зэрамегъуэвыр, хьэрэкІытІэхэр кьэзыгъэсэбэпхэм, саунэкІэ дыздэжэ фин зыгъэпскІыпІэхэм екІуалэ зэрызыщІэхьэуакІуэхэм сакъынигъэр зэращІигъупщІэр. Абы кьыхэкІыу республикэм МафІэсым пэщІэтынымкІэ и кьэрал Іуэхущ Іапі эм мафІэсым зыщІыхьэмкІэ хабзэр фигу кьеГъэкІыж.

Хабзэ зэрыхьэуауэ, щхьэзакъуэ унэхэм, фэтэрхэм, щыху зэхъуэсыпІэхэм псейхэр щагъэув. ХьэпшапІэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ гъэщІэрэщІа я жыг щхьэусыгъэм щыгуфІыкІыр сабийхэм я закъуэкым, а дэрэжэгъуэмкІэ абыхэм ядогуашэ балигъэхэри. Нэхъыщхьэр илъэсыщІэ пшыхьэр нэщхьей кьащІыщІыни кьэхъуэщІащІэ щынэмыІэнырц.

Мэз жыг дахакІейхэр щагъэувкІэ, щынагъуэншагъэмкІэ хабзэхэр зыщІыгъэгъупщэн хуейкъым. Фигу кьэдгъэкІыжынщи, ильэсыщІэ зэхуэсхэр щрагъэкІуэкІкІэ мафІэсым зыщІыхьэмкІэ жэуап яхь а Іуэхуэгъуэхэр зыщІэзгъэпэщ Іуэхущ Іапі эхэм, школа хэм, ІэнатІэхэм я унафэщІхэм.

Пэсуп Іэхэм, фэтэрхэм псейр щыгъэувын хуейщ кьыІэзгъэпэщ Іэмэпсымэхэм, газ, электрохьэхуэхэм ятІэпщІэу. ПсынщІэу кьэльэд, мафІэм щызэхьуэм зэхэлъкІэ мыгъэнщІа бжьэхуцІкІэ псейр бгъэщІэгъэнщ кьеІэзгъэрыкъым.

Щыхуэ зэхуэсыпІэхэм псейр ятІанэ кьатым щыІэ пэшым нэхрэ нэхъ льагэу щыбгъэув хьунукъым, абы щыгъуэми, щІэкІыпІкІтІ иІэу. Псейм лъабжьэ бІыдэ иІэн хуейщ, и кьудамэхэр блыным, унащхьэм нэмысу. Ар щагъэщІэращІэнІэ цеплуплощ, псынщІэу кьэльэд хьэпшапІэхэр фІбзэгъэ, мафІэсым щызэхьуэмэ зэхэль зыщІэзэымыфа бжьэхуцІкІэ и лъабжьэр, кьудамэхэр кьэбгъэтІылъыхь хьунукъым. Пэшым фейерверхэр, бенгал мафІэхэр щыщІэбгъэнэныр кьеІэзгъэрыкъым. ИльэсыщІэ пшыхьэхэр щрагъэжьуэкІэ, псейр щыгъэува пэшым уэздыгъэр щыбгъэнкІыфІ, мафІэс щынагъуэ зыпылъ уэздыгъэхэр кьыщыбгъэсбэн хьунукъым. Псейр щыгъэува пэш щыхьэпІэм, и кІуэщым мафІэсгъэнкІыфІ Іэмэпсымэ 3 е 5 щыІэн хуейщ.

ИльэсыщІэ махуэшхуэр гуфІэгъуэкІэ гъэнщІауэ щытынущ псейхэр щывгъэувкІэ фысакьымэ, мафІэс щынагъэншагъэр зыщІывмыгъэгъупщэмэ, хабзэм тету Іуэхуэр евгъэкІуэкІмэ. А псори республикэм щыпсэуэхэм зыщамыгъэгъупщэну дагощугъ. Дэтхэнэми ИльэсыщІэм фІыгъуэрэ насыпрэ кьыхуихукъыну ди гуапэщ.

- ***КъБР-м МафІэсым пэщІэтынымкІэ и кьэрал кьулыкъум и пресс-Іуэхущ Іапі э.***

● Террорым пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитетым и хьыбарегъащІэ центрым къет

ГъэпщкІупІэр кхъэм итт

**ХьыбарегъащІэм кьызэрыщыгъэльэгъуамкІэ, Урысейм Щынагъуэншагъэмкі э федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэмрэ Кьэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкі э министерствэу КъБР-м щыІэмрэ я лэжьакІуэх

Гъащ1эм щынэхъыщхьэр

Языныкъуэ щ1ыхуэзм я гъащ1эр ирагъэщхь псы ежэхым. А хабзэм утетмэ, Джэдгъэф Аслъэмырзэ я гъащ1эр хуэдэщ псы-хъуэшхуэм хуэфIу щежэх псы кушхуэм. Апхуэдэ псышхуэхэр зэпI1эзэрыту, убгъуауэ ножэх, арищхэкI, гъэпощхьэпо гуэр хуэзэмэ, я уэрагъым я кIаурр нэхъ ин мэхъури, зэран кIаухуэхьу псори пI1эныкIуэ иратхэз. Нуакъыр аргуэру щэхуу, ауэ зэпщIыкIыу нэхъ пI1эщ хуIауэ я гъуэгум пащ.

Джэдгъэф Аслъэмырзэ

АСЛЪЭМЫРЗЭ нобэ хуэдэу ещIэж я пI1эдэу я псэр гугъу е1ыхьауэ щыта уз хьэлъэр. Абы щыгъуэ ар иджыри щыкIут, и ныбжьыкIэхэм я гъэзу ящIдж-гурт щалъхуа Зеикъуэ жылэ-жьым кьедза Iэшэлъашэм. Кьуейщ1ыгъэр зыхъ1ы щыкIуэхэр зэдэджэгуурэ, мывв ядэрэ Аслъэмырзэ и щхьэм техуащ. «Ер бы бжьаныгъэм къокI», - жьыхуаIэм хуэдэу уI1гъэр е екIуаеу щытащ. Аслъэмырзэ куэдрэ ирисымэджащ а удыным, уебгъэмэ зы иIъэскIи школым мыкIуэфу и ныбжьхэми кьакIэрыхуауэ щытащ.

- Ари щыгуэрт, - игу кьелъэхIыж Джэдгъэфым. - Нэхъ нужькIэ къысщыщIар нэхъ Iенжт. Сабийхэр дыщеджэр Хьэтlохъуащ1окъуэхэ я уняжьу щытарат. Абы и пщIантIэм нэхъыбащIэ дэ-таш дзрбзэр Iуэхущ1анIэ. Хэт нэхъ жьыжьэ мы1ьпэрэ, жьытIэу дыз1епеуэрэт зэныбжьэ-гъуэр. Псоми статекIуэну сы-хуеIуэ, сэ къарууэ снIэр зэхэслъхьэри сытыдж... Адэ-кIэ сщIэж щы1эжьым.

Щ1алэ щыкIыр зытелъа щы1ьпIэм мастэ хэпIу къыщIэкIащ инкIи ар абы къыхэ-ущ. Мастэр жьыжьэ хьихат, ауэ и лъэдакъэр пIьаГурт. Езыр-езыру ар къыхэзыфIжьыну нужь ихьа щ1алэ щы-кIуэм Iуэхур нэхъ Iей ящIащ: къыхэщу щыта мастэ лъэдакъэри я1эщIэкIащ. Гугъущэ ехьащ абы щыгъуи Аслъэмырзэ, уеблэмэ и лъэкъуэр пахьынчи нэсат Iуэхур. Ауэ, нухатэжьымк, къелащ, мастэри къыхахыжащ. Апхуэдэу т1эунейрэ узым и къаруур здынэсыр иджыри сабийуэ и нтъэнхуащ.

Аслъэмырзэ и адэ-анэ Исуфрэ Фы1ецIэрэ къуажэм пщIэ щызыIэхэм ящыщт. Фы1ецIэ дзрбзэр Iэзэти, нэ-зытепсIа фэнитьхьагъэр ма-стэнэм къыфIитьхфырт. Исуфти, адыгэ шхынитьгъэ-хэм абы хуэдэу хуэзэкIуэ-кIуэ адыгэлI гъуэтыгъуейт. Мы1э-мытIэу щытхъуитхуэ хужаIащ абы ипщэфIа пъэпкъ шхынитьгъуэхэм Киров, Сталин, Ворошилов, Бу-дённый сымэ, адыгэ щIы-налъэм къихьа нэгъэщ1 хьэ-щ1э пъапIэхэми.

Захуагъэмрэ пэжьыгъэмрэ дапщэщи и телъхьэу къэтэ-джащ щ1алэ щыкIыр. Абы и фы1егъэ хэпIт Зеикъуэ дэт школыр егъэджакIуэхэмкIэ ирикъуу кьыз1эрагъэпэщауэ, Ленинград кьыкI тыгъэ куэд, гъукIэ, пхьащIэ мастерской-хэр хэту, пьакьэрыгъаежъ-хэри, мотоциклхэри, макъа-мэ Iэмэпсымэхэри яхэпъы-

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Дыгъэгъазэм и 22-р Энергетикым и махуэщ

Нэхури хуабэри зи IэрыкIхэр

Мы гъэр ди дежкIэ къызэрыгъэкIкъым - илъэс 20 и пэкIэ Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и Унафэ №1195-кIэ «Къэбардан-энерго» Iуэхущ1апIэр акционер обществэ зэIуэхауэ ятхауэ щытащ. Абы хьыхьэрт электросеть хозяйствэм и псэуалъэхэр, республикэм и гидроэлектростанцхэр, токыр зыщ1э. Iуэхущ1апIэм хуэдэ-мэхэр.

Дохъушыкъуэ Аслъэн

2006 ГЪЭМ и щыщхьэIу ХэдгъэрэФ «Къэбалъкъэнерго» ОАО-м и Къэрэдей-Балъкъэрым и щIыналъэр электрокъаруклэ зэпIэ1эзэрыту къызэрегъэпэщ. Абы и къаланэщ опт, розницэ рынокым токыу зыхуеинум хуэдиз къыщIищэхну икIи ищрэкину, ар къэзыгъэсэбэпхэм хуэфащэ Iуэхуттхьэбзэхэр яхунщIэну.

«Къэбалъкъэнерго» ОАО-м республикэм и куейхэм зыщ1ыгъэ щыкIуэ щIэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр электрокъаруклэ зэпIэ1эзэрыту къыз1эгъэпэщащ щхьэкIэ, ток уасэр инкIуу къыхэтхын, дебитор щIыхуэм хэгъэщIыкIын хуейщ. Ди IэнатIэм и цIэфI зэрыжедгъэIэным, дызыдэлажьэ Iуэхущ1апIэхэмрэ щIыхуэзэрэ арэзы зэрытщIыным дыхущIокIу. Урысей Федерацэм и Правительствэм къищта тхыльэ хэхам - Токыр къэзыгъэсэбэпхэм Iуэхутхьэбзэ зэрыхуащIэ пщылъэр дытету лэжьыгъэр доунэт1. Зыкъытхуэзыгъаз1эхэм я Iуэхур дэгъэкIыным, аХэр щыIэупщIэхэм жэуап тэмэм къахуэгъэуатыным догутIу. ЦIыхуэхэм жьыдэру ядэлажьэныр, электрокъаруклэ къызэрызэдгъэпэщ щIыкIэр егъэфIэкIуэныр ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ. Къащтэмэ, накъыгъэ «Iуам и 4-м УФ-м и Правительствэм къыдэтхагъэ Указэр №442-м тету, зэгурыIуэныгъэкIэ къалэн пIуыкIкIа зыгъэ-гъащIэ Iэнатl1эхэр тщIыгъу, «Къэбалъкъэнерго» ОАО-м и къалэнщ опт, розницэ рынокым токыу зыхуеинум хуэдиз къыщIищэхну икIи ищрэкину, ар къэзыгъэсэбэпхэм хуэфащэ Iуэхуттхьэбзэхэр яхунщIэну.

«Къэбалъкъэнерго» ОАО-м и куейхэм зыщ1ыгъэ щыкIуэ щIэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр электрокъаруклэ зэпIэ1эзэрыту къызэрагъэпэщащ щхьэкIэ, ток уасэр инкIуу къыхэтхын, дебитор щIыхуэм хэгъэщIыкIын хуейщ. Ди IэнатIэм и цIэфI зэрыжедгъэIэным, дызыдэлажьэ Iуэхущ1апIэхэмрэ щIыхуэзэрэ арэзы зэрытщIыным дыхущIокIу. Урысей Федерацэм и Правительствэм къищта тхыльэ хэхам - Токыр къэзыгъэсэбэпхэм Iуэхутхьэбзэ зэрыхуащIэ пщылъэр дытету лэжьыгъэр доунэт1. Зыкъытхуэзыгъаз1эхэм я Iуэхур дэгъэкIыным, аХэр щыIэупщIэхэм жэуап тэмэм къахуэгъэуатыным догутIу. ЦIыхуэхэм жьыдэру ядэлажьэныр, электрокъаруклэ къызэрызэдгъэпэщ щIыкIэр егъэфIэкIуэныр ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ. Къащтэмэ, накъыгъэ «Iуам и 4-м УФ-м и Правительствэм къыдэтхагъэ Указэр №442-м тету, зэгурыIуэныгъэкIэ къалэн пIуыкIкIа зыгъэ-

● Дыгъэгъазэм и 22-р Энергетикым и махуэщ

Зыри къыхудамыгъэкIауэ Налшык къагъэзэж

ЯпэдивизионымI 2013 гъэм щекIуэкIыну кIэух зэхъзэзэхуэм зыхуэзэгъэхьэзыр «Спартак-Налшыкым» пэщIэдзэ зыгъэсэгъуэр Тырким щызэфIигъэкIащ.

БЭРЭЖЬЕЙ кIуам ди щ1алэхэм зэныбжьэгъугъэ зэIущIэ драгъэкIуэкIащ иужьрей и1ъэситIым Къзэахъстаным и чемпион хьуа, ди лъахэгъу Къумыкъу Виктор зи тренер нэхъыщхьэ Караганда и «Шахтёр»-м. Ар хуабжу удзэшъхэ хьащ1 икIи зэпэщ1эныгъэр гуащ1эу екIуэкIащ.

Къзэахъстаным и чемпионым «Спартак-Налшыкым» хагъахъэну зыхэплъхэм къапигъуват и футболист нэхъыфIхэр. Абы щхьэкIэ къашъхьэну тепщэныгъэр нэхъ зы1эщ1эльар топ дагъэкIыну I1мал зыбжанэ зи1а ди щ1алэхэрщ. Апхуэдэу щыт пэтми, бжьыгъэр зыкъз1уамыхуау джэгур иухащ.

Арати, Тырким и Анталие щыпIэм щыгъэкIуэкIа зэныбжьэгъугъэ зэIущIищым зы топ къащIыкудамыгъэкIауэ налшыкдзэхэм къагъэзэжащ. Фигу къэдгъэкIыжьынщи, ахэр Малайзиэм и щ1алэгъуалэ командэ къыхэхам 4:0-у текIуащ. Алма-Ата и «Кайрат»-мрэ Караганда и «Шахтёр»-мрэ 0:0-у ядэджэгуащ.

Адэкlэ «Спартак-Налшыкым» и тренерхэм зыпалъытэжьнущ ящэ зыгъэзэныгъэм къырикIуахэр икIи адэкIэ сэбэп къахуэхъунухэр къагъэнэнэрэ адрейхэр яутIыпщыжьнущ. Иджы ди командэр щ1ыззэхуэсыжьнущ илъэсыщ1эм и я1пэ махуэхэращ. Абы щыгъуэм я отпускыр яутIыпщыжьнущ щ1адзэнщ1 нэгъабэ джэгуэхэм.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Пщыхьэр

Тхакlуэ, тхыдэдж, философ

Бейтыгъуэн Сэфарбий и махуэр куэдым дал1этащ

Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуэнIэм иджыблагъэ щ1ыхуэхуэ щы-зэхуэсат тхакIуэ, тхыдэдж, философ, Урысейм щыпсэу пъэпкъэхэм я Артистэм, «Лиця года 2012» зэхъэзэхуэм я лауреат, жылагъуэ лэжьакIуэ зэрыхъэ Бейтыгъуэн Сэфарбий и махуэр дагъэлъэпIэну. Ар къыз1эIуихащ инкIи иригъэкIыщащ лъэпкъ советым и тхьэмадэ Бейтыгъуэн Iуэсс.

КЪУЭЗЭХУЭСАХЭМ абы фы1ещIэ яхуищIри, я1пэ псалъэр иритащ Гуманитар хэ-хуэгъэгъэхэмкIэ институтым адыгэбзэ литературэмкIэ и къудамэм и Iэщ1агъэлI нэ-хъыжь, филологие щ1ыхь-гъэхэм я доктор Iэдэм Аслъэ-джрий. Ар кIэщIу тепсэлъы-хьащ Сэфарбий и лэжьы-гъэм, и цIыку щыкIэм, и дуней тетыкIэм.

- Псалъэ щэрыуэхэр, псалъэуэхуэхэр (афоризмхэр) кьеГупсыс Сэфарбий, апхуэдэу щыIэхэм и гупсысэ хилъ-хьэуэ иритхэфIакIуэ, - жиIащ Хъанджрий. - И я1пэ адыгэбзэ тхылъыр 1986 гъэм къы-дигъэкIащи, абы щегъэжьауэ бзитIыкIи лэжьыгъэ куэд дуней-нейм къытригъэхьащ. «Зы-кьызогъэщI», «Древо самопознания», «Дух сомнения» фIщыгъэхэм къагъэлъагъу Бейтыгъуэн Iэмэр щыщIэ-хьыж, лъыхъэу зэпыт щыхуу зэрыщытыр.

Пащтыхьым иджвылыз драматургэ цIэрыIуэ Шоу Бернард зэрыригъэблагъэр къи-гъэльагъуэу: «Мэрем пщы-хьэщхьэм къагъэльагъуэ: «Сыщ1эсы-нущ», - кьыжриIат, и Iэр и мы-пым илъу. Езы Бернардри и Iэр и жылым къримыхьу жэуап ириатащ: «СэрикI». АтIэ Бейтыгъуэн Сэфарбий адыгэм ди Шоу Бернардру кьызо-лъытэ.

Бернаджэрий кьытеувыIащ Сэфарбий и гур сытым джи псоми зэрахуэзIухам, гушы-Iэр зэрищIаесэм икIи екъуэ-хуэщ гъащIэм гу щиухуэну.

- Бейтыгъуэн Сэфарбий си къэухьым ящ къызэщIиубы-дэ цIыку Iущщ, куууэ кIэщIу-рыпIыкIэ гупсысакIуэщ, гъа-щIэр нэсу кьызыгурыIуэщ, щIэныгъэ и лъэныкъэхIэ щы-цIыку хахуэщ. Иужьрей ки-лъыр кьыхуэмыщцхьэпамэ, щIэ1эмэхъкIэ институтым и проректор, философие щIэныгъэ-хэм я доктор Iэдэм Аслъэ-джрий. Ар кIэщIу тепсэлъы-хьащ Сэфарбий и лэжьы-гъэм, и цIыку щыкIэм, и дуней тетыкIэм.

- Псалъэ щэрыуэхэр, псалъэуэхуэхэр (афоризмхэр) кьеГупсыс Сэфарбий, апхуэдэу щыIэхэм и гупсысэ хилъ-хьэуэ иритхэфIакIуэ, - жиIащ Хъанджрий. - И я1пэ адыгэбзэ тхылъыр 1986 гъэм къы-дигъэкIащи, абы щегъэжьауэ бзитIыкIи лэжьыгъэ куэд дуней-нейм къытригъэхьащ. «Зы-кьызогъэщI», «Древо самопознания», «Дух сомнения» фIщыгъэхэм къагъэльагъу Бейтыгъуэн Iэмэр щыщIэ-хьыж, лъыхъэу зэпыт щыхуу зэрыщытыр.

Пащтыхьым иджвылыз драматургэ цIэрыIуэ Шоу Бернард зэрыригъэблагъэр къи-гъэльагъуэу: «Мэрем пщы-хьэщхьэм къагъэльагъуэ: «Сыщ1эсы-нущ», - кьыжриIат, и Iэр и мы-пым илъу. Езы Бернардри и Iэр и жылым къримыхьу жэуап ириатащ: «Сэрикl». АтIэ Бейтыгъуэн Сэфарбий адыгэм ди Шоу Бернардру кьызо-лъытэ.

Бернаджэрий кьытеувыIащ Сэфарбий и гур сытым джи псоми зэрахуэзIухам, гушы-Iэр зэрищIаесэм икIи екъуэ-хуэщ гъащIэм гу щиухуэну.

- Бейтыгъуэн Сэфарбий си къэухьым ящ къызэщIиубы-дэ цIыку Iущщ, куууэ кIэщIу-рыпIыкIэ гупсысакIуэщ, гъа-щIэр нэсу кьызыгурыIуэщ, щIэныгъэ и лъэныкъэхIэ щы-цIыку хахуэщ. Иужьрей ки-лъыр кьыхуэмыщцхьэпамэ, щIэ1эмэхъкIэ институтым и проректор, философие щIэныгъэ-хэм я доктор Хъурей Феликс. - Зы цIыку кьытхэткъым абы хуэдэу архивым зэман куэд щыкIащ. Сэ зэрыщIэ-кIэ, адыгэм тщыщу аращ псалъэухуамкIэ я1пэ тхылъыр кьыдэзыгъэкIар.

Феликс жиIащ Сэфарбий зэрыгупсысакIуэр, къэхутакIуэр, егъэджакIуэр, фIэфIу студентхэм зэрагъэщIэр, ар зэрыгъэщIагъуэну абыхэм зэрепсалъэр.

Литературэ ритхи, усакIуэ, КъБКъУ-м хамэ къэрал литературэмкIэ и кафедрэм и доцент Къэжэр Хьэмид кьыхигъэщащ Сэфарбий и гуащIэр зэрыниыр, сыт хуэдэ Iуэхум и уэрэ имыхьамы ныкъуанэгъэнщэу зэрыщэфIхыным ящ ящ зэритар. Апхуэдэу дяпэкIи лэжьэну, псэуну ехьэхъэщ.

Апхуэдэуи Бейтыгъуэн Сэфарбий и творчествэм, и гъаIорэ, ныбжьэгъугъэр зэрыгъэпIапIэм, цIыхуГъэм я1пэ ириГъэщ зэрыщымыIэм, нэгъэщ1 куэдми и гугъу ящIу зэIущIэм кьыщыпсэльащ политик, жылагъуэ лэжьакIуэ **Пащты Борис** (КъБР-м Жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и кьэрал комитетым и унафэщIу щыщытам Iэ зыщIидзэ Щ1ыхь тхылъыр иритыжащ), щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщI **Дау Маринанэ,** КъБР-м щэнхабзэмкIэ щ1ыхь зи1э и лэжьакIуэ, пшынауэ тэзэ **Бырмамыт Гуащхьэкъарэ** (Сэфарбий кьыщ1ьхуа Къармэхьэблэ жылэжьым и сэлам гуапэри кьырихьижащ), КъБР-м щэнхабзэмкIэ щ1ыхь зи1э и лэжьакIуэ **Моттаевэ Светланэ,** ди республикэм и цIыхубз усакIуэ **Созаев Ахьмэт**, фи-лософ щIэныгъэхэм я доктор **Биттировэ Тамарэ** сымэ, нэгъэщ1 куэди. Саугъэт лъапIэхэмрэ тыгъэ гъащIэгъэнэхэмкIэ хуэупсащу зи махуэр зыгъэпIапIэм.

Сыхьэтиплъ нэблагъэкIэ екIуэкIа пшыхьэр яГъэдэхащ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и хьэфакIуэ гупхэм, КъБР-м, КъШР-м, АР-м, Ингуш Республикэм я цIыхубз артистхэ Сокъур Ольгэ, ди республикэм щ1ыхь зи1э и артист Зеуцэ Iуэрс, Музыкэ театрым и уэрэджьIакIуэ КIэрэф Иннэ, КъБР-м и Къэрал филармонием и солистхэ Тхъэзэпль Залинэ, Осетие Инщэм щ1ыхь зи1э и артистхэ Кърым Иринэ, Гнесинхэ я щIэ зезыхьэ музыкэ-педагогикэ институтым и студентхэ Бахъэр Жаннэ, Дзэлыкъуэкъуажэ Щэнхабзэмкlэ и унэм и «Маленький джигит» сабий къэракIуэ ансамблым, нэгъэщ1эхэм.

ИСТЭПАН Залинэ.

Бжьыхьэм и тыгъэхэр

Бахъуэ Руслан

● Щапхъэ

СОВЕТ зэманым и лъэхъэнэм жыг хадэхэр зехьэным, абыхэм фейдэ кьаIыхьыным гугъу ящIытэщхэу уащIыкIт. Ар мыхьэнэ зрат Iуэхуу зэрыщытыр Iупщ1т. Бгылъэ, жьэгъущIэс щы-пIэхэмэ, тафэтес жылагъуэхэми пхъэщхьэмыщхьэ зэмылIэужьыкIыгъуэхэр куэду щагъэкIырт, къэрал унафэм щ1эту зышрагъэужьырт. ИжькIэ кърахьэжьауэ щыта «зэхъуэкIыныгъэхэм» я зэранкIэ колхозхэмрэ совхозхэмрэ щыз1ещащхэм, а IэнатIэри абы дэкIуэдыжауэ щытащ. Жыг хадэхэр яБгынжьат, щыпIэхэр зэщIэкIэжауэ хэкIуэджьыкIыным нэсат.

Иджы, ди гуапэ зэрыхьунщи, щытыкIэр йофIэкIуэж, хозяйствэхэм я мы-закъуэу, унагъуэхэми абы зратыж. А Iуэхур кьыз1эрагъэпщ мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным, мэкъумэшхэ-кIыным, ерысыкIыхьэхэм я рынок-рыр унэтIыным теухуауэ 2008 гъэм кьащта Къэрал программэм зэрыщыуфызыхуам тету. Ар ГъэзэщIынкI Къэбэрдей-Балъкъэрыр жьыдэру зэрыхэтым и щыхьэтщ «Урысейм и жыг хадэхэр зы-хуэхъунэ» зегъэужьыныгъэкIэ щыIэ Iэмалхэмрэ» Урысейпсо щэныгъэ-практикэ конференцыр илъэсищ и пэкIэ ди республикэм зэрыщрагъэкIуэкIар. 1992 гъэ пщIондэ ди щIыналъэм пхъэщхьэмыщхьэр гектар мин 28-м нэблагъэм щыз1эрахьэу, илъэс ин-тIыным 140-150-рэ кьыщрахьэлIэжу щытащ. Къэралыр зэрякъутэжам кьиша гуГъуехьэхэм я зэранкIэ, а IэнатIэр еуэхат, жыг хадэхэм ящыщ куэд кьрачыкьин, кьыфIащэжьын хуей хьуат. Абы щыгъуэ республикэм кьыхуэнэжар гектар мини 8-м зэрыщIигъу щыIэткъым, дэтхэнэми кьыпахыр центнер 12-м фIэкIыртэжьым. «КъБР-м агропромышленнэ комплексым зэрызыщиужьынур» республикэ программэ хэхам зэрыщыубзыхуам хуэдэу, иджы а Iуэхур нэрылъагъуэ зэтрагъэуувэж. Къапщтэмэ, 2008 гъэ лъандэрэ псынщIэу зызыужь жыг хадэхэр гектар миниым щIигъум щыхасащ. Мы илъэсым абыхэм гектар 800 хухахынущ.

Унагъуэхэми пхъэщхьэмыщхьэ гъэкIыным тегушхуауэ зратыж. Ар республикэм и экономикэм зэпIэзэрыту зэрызиужьым, рынок зэхущытыкIэм и хабзэхэм щыхуэр зэрыхъуамкIэ дипломыр зы-Iэщ1ытъ Джэдгъэфыр и щхьэ-гъуэр дахэр щIыгъуу щалъхуа гъащIэм и гъащIэм. Ар щыгъуэ щалъхуа 1953 гъэм. Тырныауз комбинатым и шахтэхэм ящыщ зым механикыкъ кьащтащ Аслъэмырзэ. Зинаидэ Iуэхущ1апIэм и медпунктым и дохутыр нэхъыщхьэ хъуащ. Апхуэдэу Тырныауз къыдэхъуащ адыгэ унагъуэ дахэ. Зэман дэкIри, абыхэм фэтэрыщхьэ, Iуэхуратащ, нэхъыщхьэрэ, щ1алэ щыкIынщ зэдагъэуащ. Сыт хуэдэ насып иджыри зыхуеIар адыгэлIыр!

Джэдгъэфым щ1алэ екъуэIэныгъэхэм папщIэ Джэдгъэф зэщ1ьхэгъэсэхэр мызэ-мытIэу ягъэльэпIащ дамыгъэ зэмылIужьыгъуэхэмкIэ, щ1ыхь-фIыщIэ тхыльхэмкIэ. Апхуэдэу Щ1ыхьым и дамыгъэ орденыр хуагъэфэщащ Зинаидэ. Гупым пщIэ льагэ щиIэу яхэтащ Аслъэмырзэ. Абы зэ-рихьэжьэу, Iуэхур дэжьхуэбэм яфI кьыз1эрыкIыным ехьэлIамэ, лъэкI псори ищIэ-нут, ар зэфIэха хьун папщIэ. Апхуэдэ псэ кьаблэагъ зиIэ Jжьакъэщхьэм, гу кьы-гьамытэу кьэнакьым. Ар уна-фэщIу ирагъэблэгъащ Налшык кьыщыщ1эхуахауэ щыта автопредприятэщIэм. Унагъуэм комбинатым фэтэр Налшык кьащриташ. Зинаидэ граждан зыхьуэмэжьны-гъэ унэтIынныгъэмкIэ и щIэныгъэм Ленинград щыхигъэхуауэ щытащ. Кьыжьабгъэхьэщ Зинаидэ нобэр кьыздэсым а IэнатIэм зэрыщылажьэр. Щ1ыхь зэпIэзэрыпIэм бгъэдэлъ щIэныгъэр хуэгъэпагъэщ Iуэхур егъэфIэкIуэным. Нэхъыжьыфым пщIэ щIэщIэщ зыхэт гупым.

ГъащIэр матэщIэдзакъым. Гугъуехь мымащIэхэм щы-хуэзащ Джэдгъэфыр а гъу-гум. Зи Iуэхур нэхъ къэтIас-хъэ IэнатIэм яГъэкIуэрэ, абы и гъжьыгъэр мызэ-мытIэу ихъьэжьын хуей хьуащ. Апхуэдэу Аслъэмырзэ щы-тащ полупроводник заведым и механик нэхъыщхьэ,зыо, «Автозапчасть» заводым и унафэщIу. Сыт хуэдэ IэнатIэ пэрымытами, ар дапщащи лэжьащ и напэ, и пщ1э, и нэмыс емыпщIыжу. Пенсэ тIысыжьа нэужьи ар механик нэхъыщхьэу щ1ылэжьащ Пашшык дэт «Гидромет-ПЗТА заводэм, иужьрейуи щыIащ «Къэббалъкъкомму-нэрго» Iуэхущ1апIэм. А иуэ-зсхэм абы зыкьыНгъэпэтэрыр щ1ыгъуэ-гъэ Iуэхуу-хуэмрэ щы-гуэн: «Къущхьэ тъэпкIым и макъ» газетым и номер 16 къыдигъэкIащ.

Ехьэ1эныгъэм, зыужьыныгъэм, текIуэныгъэм и гъащIэр яхуэгъэпсауэ нрехьэкI Джэдгъэфым. Абы зэрыжи-Iэмкlэ, а хьэлэр щIэнну и анэм кьыхуигъэнащ. Ар щыхуэ зэпIэ1эзэрыту, Iэдэбу, жьы-джэру псэущ. Куэдрэ яжрэIэрт быемыт: «Зыми нщIэр-кьым кьыхуиуха гъащIэр зыхуэдизыр. Кьзбгъанэ гъэ-уажьыр зыхуэдэм ухуепльэ-кIыкуэрэ упсэун зэрейщ, кьыпщIэхъуэ щIэбзэм я щхьэр щIрахьэхьын гуэр кьы-пIэщIэмыщIэным ухущIэкьуу-. ЖьыпIэнурамэ, Аслъэмырзэ ящыщщ кьызэхэтэ и унагъэмкIэ, и лъэныкъэмкIэ гушхуэнигъэ ин зи1эхэм. Абыхэм кьахэкIащ лъэпкъыр зэрыпагэ цIыху куэд. Джэдгъэфым и анэ1эхуэ ГъукIэл Дышэдыгъэ ильэси 129-кIэ псэуащ. Бонапарт Наполеон пэщIэувэну урысдзэм дэIэпыкьуэгъу яхуэхьуну зэхуашса адыгэ, щуиущэр щежьэм, ар зауэлIхэм ящыщ зым утыкушхуэм кьыщыщдэфауэ щытащ. ГъащIэ кIыхь икIи купщIафIэ кьэзыгъэщIа кьэнэжащ Джэдгъэфхэ я лъэныкъэмкIи. Аслъэмырзэ и адэшхуэ Джэдгъэф Жамырзэ дунейм щехьажьам щыгъуэ ильэси 109-рэ хьуат, ильэси 100 зи ныбжь и анэшхуэ Фанисэ абы зэрыкIэлъыпIсэужар мауфIыгъу кьудейщ. Абыхэм я щ1алипIлри гъащIэ кIыхьт: абыхэм кьаблэщIащ ильэсиI 103-рэ, 96-рэ, 94-рэ, 88-рэ (Аслъэмырзэ и адэ Исуф). Фадэр зи нэрыгъэ тутыныр дихьэхрэ яхэмытами ярейщ лъэпкъым. ГуащIэдэкI лэжьыгъэм зыпIэIуамыдзу, пэжыр я гъуазэу, захуагъэм и телъхьэу мэпсэу Джэдгъэфхэ.

Апхуэдэ нэхъыжьыфIхэм я щапхъэм тету ягъэсащ Аслъэмырзэрэ Зинаидэрэ я бынхэр. Абыхэм я къуэ нэхъыжьхэ Аслъэн дохутырщ, хьыджэбзыщымрэ зы щ1алэмрэ я адэщ, и щхьэкIэгъуэ урыс бзыльхъугъэщ. Аслъэн кьыкIэлъыкIэ Мурэз инженер-ГуухуакIуэщ, и щхьэгъуэ УанащIэ Ритэрэ абыхэр щ1алитI зэдагъэуащ, ахэр, я адэм хуэдэу, ухуакIуэхэщ. Быным я нэхъыщхьэ Георгий дохутырщ, медицинэ щIэныгъэхэм я докторщ. Абы и щхьэгъусэр Хьэ1ынатIэ Хьэжбэчыф ипхъущ. Зэщхьэгъусэхэм зы щ1алэ я1эщ.

Джэдгъэф Аслъэмырзэ и ныбжьыр мы махуэхэм ильэс 90 ирокIу. АдыгэлI нэсым хуэфэщэн гъащIэ кIэ1эзыкIэхэ нэхъыжьыкIыфIм дапщэщи игъэнэхъащIхэр щыкIуэгъэщ, пэжыгъэщ, адыгэ хабзэмрэ эмэпсымрэщ. Аслъэмырзэ апхуэдэ фIыгъуэхэм щыщIэу, уэзынщ, къыщIэхъуэ щIэбзэм иригушхуэу дунейм куэдрэ тетыну ди гуапэщ.

МЭЗ Сусаннэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Зыри къыхудамыгъэкIауэ Налшык къагъэзэж

ЯпэдивизионымI 2013 гъэм щекIуэкIыну кIэух зэхъзэзэхуэм зыхуэзэгъэхьэзыр «Спартак-Налшыкым» пэщIэдзэ зыгъэсэгъуэр Тырким щызэфIигъэкIащ.

БЭРЭЖЬЕЙ кIуам ди щ1алэхэм зэныбжьэгъугъэ зэIущIэ драгъэкIуэкIащ иужьрей и1ъэситIым Къзэахъстаным и чемпион хьуа, ди лъахэгъу Къумыкъу Виктор зи тренер нэхъыщхьэ Караганда и «Шахтёр»-м. Ар хуабжу удзэшъхэ хьащ1 икIи зэпэщ1эныгъэр гуащ1эу екIуэкIащ.

Къзэахъстаным и чемпионым «Спартак-Налшыкым» хагъахъэну зыхэплъхэм къапигъуват и футболист нэхъыфIхэр. Абы щхьэкIэ къашъхьэну тепщэныгъэр нэхъ зы1эщ1эльар топ дагъэкIыну I1мал зыбжанэ зи1а ди щ1алэхэрщ. Апхуэдэу щыт пэтми, бжьыгъэр зыкъз1уамыхуау джэгур иухащ.

Арати, Тырким и Анталие щыпIэм щыгъэкIуэкIа зэныбжьэгъугъэ зэIущIищым зы топ къащIыкудамыгъэкIауэ налшыкдзэхэм къагъэзэжащ. Фигу къэдгъэкIыжьынщи, ахэр Малайзиэм и щ1алэгъуалэ командэ къыхэхам 4:0-у текIуащ. Алма-Ата и «Кайрат»-мрэ Караганда и «Шахтёр»-мрэ 0:0-у ядэджэгуащ.

Адэкlэ «Спартак-Налшыкым» и тренерхэм зыпалъытэжьнущ ящэ зыгъэзэныгъэм къырикIуахэр икIи адэкIэ сэбэп къахуэхъунухэр къагъэнэнэрэ адрейхэр яутIыпщыжьнущ. Иджы ди командэр щ1ыззэхуэсыжьнущ илъэсыщ1эм и я1пэ махуэхэращ. Абы щыгъуэм я отпускыр яутIыпщыжьнущ щ1адзэнщ1 нэгъабэ джэгуэхэм.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Футбол

Гъэзэжьыныгъэ

Бжьыхьэм и тыгъэхэр

Щапхъэ

Бахъуэ Руслан

СОВЕТ зэманым и лъэхъэнэм жыг хадэхэр зехьэным, абыхэм фейдэ кьаIыхьыным гугъу ящIытэщхэу уащIыкIт. Ар мыхьэнэ зрат Iуэхуу зэрыщытыр Iупщ1т. Бгылъэ, жьэгъущIэс щы-пIэхэмэ, тафэтес жылагъуэхэми пхъэщхьэмыщхьэ зэмылIэужьыкIыгъуэхэр куэду щагъэкIырт, къэрал унафэм щ1эту зышрагъэужьырт. ИжькIэ кърахьэжьауэ щыта «зэхъуэкIыныгъэхэм» я зэранкIэ колхозхэмрэ совхозхэмрэ щыз1ещащхэм, а IэнатIэри абы дэкIуэдыжауэ щытащ. Жыг хадэхэр яБгынжьат, щыпIэхэр зэщIэкIэжауэ хэкIуэджьыкIыным нэсат.

Иджы, ди гуапэ зэрыхьунщи, щытыкIэр йофIэкIуэж, хозяйствэхэм я мы-закъуэу, унагъуэхэми абы зратыж. А Iуэхур кьыз1эрагъэпщ мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыныгъэ, мэкъумэшхэ-кIыным, ерысыкIыхьэхэм я рынок-рыр унэтIынным теухуауэ 2008 гъэм кьащта Къэрал программэм зэрыщыуфызыхуам тету. Ар гъэзэщIынкI Къэбэрдей-Балъкъэрыр жьыдэру зэрыхэтым и щ1ыхьэтщ «Урысейм и жыг хадэхэр зы-хуэхъунэ» зегъэужьыныгъэкIэ щыIэ Iэмалхэмрэ» Урысейпсо щэныгъэ-практикэ конференцыр илъэсищ и пэкIэ ди республикэм зэрыщрагъэкIуэкIар. 1992 гъэ пщIондэ ди щIыналъэм пхъэщхьэмыщхьэр гектар мин 28-м нэблагъэм щыз1эрахьэу, илъэс ин-тIыным 140-150-рэ кьыщрахьэлIэжу щытащ. Къэралыр зэрякъутэжам кьиша гуГъуехьэхэм я зэранкIэ, а IэнатIэр еуэхат, жыг хадэхэм ящыщ куэд кьрачыкьин, кьыфIащэжьын хуей хьуат. Абы щыгъуэ республикэм кьыхуэнэжар гектар мини 8-м зэрыщIигъу щыIэткъым, дэтхэнэми кьыпахыр центнер 12-м фIэкIыртэжьым. «КъБР-м агропромышленнэ комплексым зэрызыщиужьынур» республикэ программэ хэхам зэрыщыубзыхуам хуэдэу, иджы а Iуэхур нэрылъагъуэ зэтрагъэуувэж. Къапщтэмэ, 2008 гъэ лъандэрэ псынщIэу зызыужь жыг хадэхэр гектар миниым щIигъум щыхасащ. Мы илъэсым абыхэм гектар 800 хухахынущ.

Унагъуэхэми пхъэщхьэмыщхьэ гъэкIыным тегушхуауэ зратыж.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Уи щхьэм пщIэ хуэпщIыжмэ...

● ЖыIэгъуэхэр

n Къуаншагъэр ялэжь, щыуагъэр яIэщIокI: зэхьеремызэрыхь!
n Лъэпкъым и бын пажэм езым и гурагъэ нэхъыбIхэр делъагъуж.
n НакIэ-налъэ къыщIыпхуеуэр ямыгъэшIыжу, къуаIуэтыпIэрэ зыхэпщIэмэ, ари Iейкъым.
n Напэр птхьэщIыху, фIей щIокI.
n Сигу нэмысым сыгъэрепльэ нэмкIэ зигу сынэмысыр къызоплъэ (Захуагъэм и хабзэр гъашIэм гурэ-щIэхъми щызоIкуэж).
n Сызыхэс псыр ахуэщIэрэт жызыIэ дзэхэнэрэ хьэндыркъуакъуэщ: цIыхугъэ щыпкъэм нихусауэ зыкъыщIремыхъуж.
n Уэзыншагъэм япэу зы щыIэжщ - цIыхугъэр.

n Уи щхьэм пщIэ хуэпщIыжмэ, Iуэхугъэхьэзэ болажь.
n Уи Iэр уи жып нIуу лъагъунтъагъу узыхуэкIуэр унащ: и Iэр щIупскIэу кьыпхуэкIуэжыну хуит хъуащ.
n Акъылыр бзаджагъэм хуэныкъуэкъым.
n Акъылыр нужьрейм, Iэфракlэр дзэкъапIэщ.
n Акъылыфlэм сыт щыгъуи и зэманыгъуэщ.
n Губзыгъагъэ жепIэкIэ, ар къызыгурымыуэм ауан укъищIын къанэркъым.
n Губзыгъэр делэм къызыхадз.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий

● Фэ фщIэрэ?

Псалъэхэм я мыхьэнэр

кIэмыргуей, н.). 1923 гъэ пщIондэ тхыбзэм и лъабжьэу щыгащ хъэрып графикэр, 1936 гъэм нэс - латиныр, абы щегъажьауэ нобэр кьыздэсым кириллицэм тетщ.

Адыгэ хабзэ - адыгэхэм я гупсысэкIэр, я дуней тетыкIэр, я хьэл-щэныр, я нэмысыр, я зэхущытыкIэр, н.къ. къэзыгъэльагъуэ терминщ. Адыгэ хабзэм къызэрIеубыдэ игъащIэ лъандэрэ лъэпкъым къыдекIуэкI зэхущытыкIэ хэхар, гуфIэгъуэм, нэщхъеягъуэм иращIэкI Iуэхугъуэхэр, нэгъуэщIхэри.

ДУМЭН Хьэсэн

Хьэхъупащlэ Амырхъан и унагъуэр

● Гъэщlэгъуэнщ

СИ АДЭШХУЭ Хьэхъупащlэ Амырхъан щэнейрэ къишащ. Япэу кьишам зы хьыджэбз щыкIу иIэу, и сабийр кьигъанэри, икIыжауэ щытащ. ЕтIуанэу кьишар Щыбжьхьуэхэ япхъиц, егъэлеяуэ щыхуэз дахэу, пшынауэ Iэзэу щытауэ жалэж, и цIэр Дадуэт. Дадуэт ди адэшхуэм къыщыдгъэкIуам, ХьэкIэнэгъуэх къыщIилъхуауэ хьыджэбзитI, Къуэщыхэ ейуэ зы щылэ къызыдишауэ щытащ. Хьыджэбзитым нэхъыжьыр Лимэт, нэхъыщIэр Къэрэжант, щылэр, сыщымыуэмэ, ныбэм илъу къэкIуащ. ХьэхъупащIэхэ къыщалъхуащ, и цIэр СультIант. Дадуэ я япэу зыдэкIуауэ щыта Хьэмид мэзым щIэту бзаджащIэ гуэрхэм яIущIэри, абыхъм яуклауэ щытащ, кьулыкъу иIэу лажьэу щытащ. Къэрэжан зэрыкIэжамкIэ, и адэр ищIэжкъым, абы щагъуэм сабий дыдэу кьызэрынам щхьэкIэ. Лимэ унагъуэ ихьарт, зы хьыджэбз щыкIу иIэу дунейм ехыжащ, а пщащэри Амырхъан ипIыжауэ щытащ, и цIэр Жанпагуэщ, ар Хъэжкокъуэ Борис ишауэ щытащ. Жанпагуэ и щхьэгъусэр дунейм ехыжащ, езыр псэущ, и кьуэм бгъэдэсу Нартан дэсщ.

Иджыблагъэ «Адыгэ псалъэ» газетым къытредзащ ХьэкIуащэ Андрей архивым кьыщигъуэтауэ си адэшхуэм эхъихьха мы уэсэр:

Си тхыль кьыдэмыкIыр,
Секретарь кIиирейр,
Щалэ Iэбэльабэр,
Бын Iуейщейр,
ПсыIущIапIэ бзаджэр,
Урыс къэзджэдыхьыр,
ХьэкIэнэгъуэх я пхъурыльхур,
Къэзмыльхуауи си кьуэр,
Фыз ныкъуэкъуэгъур -
А кьомым сызгъагъэудурэ,
Уэрэд сыусурэ,
Си щхьэлыпсыр гъужащ.
Налшык сыкъажэурэ,
Теунэми сыкъынужэгъуащ,
Шортэнхэ нэтIабгъуэр,
Мыдрэ щхьэщыгъуэр,
Щомахуэхэ гъумкIэщIыр -
Абыхэми сыкъагъэпIащ.
Щомахуэм и договор нэпцIым
ПщIыупс сищIащ,
Унэ ныкъуэщIри кьысIэщIэнащ,
Осетэ кIуэнри хэзнэжащ,
ХьэламэгъуэжькI Iэфынишэу Бэрбэчыр,
Щы дахэ мыжэу Аслъэн кIыхьжьыр
ЖьафIэхэщ, фафIэхэщ,
Ауэ Iэфынишэ Iей дыдэхэщ.

Мы усэм теухуа си Iуэху еплыкIэр къэзгъэльэгъуэну сыхуейт. «Щалэ Iэбэльабэ» щыжиIэм и щхьэусыгъуэр мащ: Амырхъан и щыпхъу Iэминат Гъащтэжэ исащ. Абы щалищ иIащ - Щэлэуат, Зырамыку, Сулеймэн. Щэлэуатти Сулеймэни кьодыгъуэнут, я анэ дэлъхухэм едыгъэмэ, эрамыгъэтIысынур ящIэрти, абыхъм нэхъ кIугъурт». Зырамыкур лэжьакIуэжьу щытащ, а тIум я кьуэшу пщIэнутэкъым. Ауэ, пэжщ, зэкъуэшищми я бынхэм зыри Iэбэльабэ кьахъэкIакъым.

«Бын Iуейщейр» жыхуиIэр, сэ сызэрепльымкIэ, бын зыхьыбл ущиIэкIэ, абыхъм, шэч хэмылъу, зэрани кьаэхкIынщ.

«ПсыIущIапIэ бзаджэ» жыхуиIэр щхьэлыр зыгъэлажьэ псыраш. Щхьэлыр щымылажьэм дежи псы Iудзэ иIэу бгъэбыдэ хьурт, ауэ псыр кьышиу, щыззэтрикъутэ куэдрэ кьэхъурт.

«Хьэнэгъуэх я пхъурльхур» Къэрэжанщ, ар Амырхъан и мылъхупхъщ. Къэрэжан Налшык щыIэ, Лениным и цIэр зезыхьэ еджапIэ кьалэ цыкIум щIагъэтIысхьауэ щытащ. Абы тIэкIурэ щIэсауэ, Амырхъанрэ Дадуэрэ я льагъунльагъу иIуауэ, Къэрэжан адэжь еджэн яхуимыдэу кьафIэкIуэжауэ щытащ. Амырхъан дежкIэ мылъхупхъур хэгъэзыхьауэ иригъэджэныр тынштэкъым. Иужькlэ Къэрэжан Щампарэх Хьэжбий дэкIуауэ щытащ. Щалилпlрэ зы хьыджэбзэрэ зэдагъэтащ. Псори унагъуэ хьарзынэ хьуахэщ, гуфIэгъуэн

Хьэхъупащlэ Муlэед бэракьыр иныгьщ. Абы и адэшхуэ Амырхъан жыжьу щысщ. *1961 гъэ*

гуэзвэгъуэ дызэ-кIэльокIуэ.

«Къэзмыльхуауэ си кьуэ»-р СультIанщ. Абы и кьуэрыльхуитI ди адэшхуэм и льапсэм щопсэу, абы кьабгъурысщи си кьуэшу нэхъыщIэ Аслъэнбэчэ.

Ди адэшхуэм Дадуэ къиша нэужь щалищ кьильхуауэ щытащ - Хьэсэнрэ Хьэтэмрэ зэтIольхуэныкьуэт, абы нужькIэ Хьусенкlэ еджэу щалэ яIащ. Хьэсэни Хьэтэмми пщигъэгъупщэну губзыгъуэу, фIыуэ еджэну, гушIэшхуэ хэльу, дахэу уэрэд жиIэу щытауэ жалэж Хьусен. Ауэ гъащIэ кIэщIт, ебланэ классым щIэсу хэтти гуу кьепыджу абы икIуэдыкIауэ, хэтти кIэтIийнэфым илыкIауэ жалэж.

Хьэсэнрэ Хьэтэмрэ балигъ хьуауэ, я кьушэгъуэ дахэу Дадуэ Iэрьзеяхэу кьэнауэ щытащ. Дадуэ и бынхэм, Амырхъан и ныбжьэгъухэм ельэIуауэ жалэж, «мы лIыжьым зыгуэр кьевгъашэу унагъуэр зэрихьэну, езыми кIэлъыплъын хуэдэу», - жиIэри.

Анзорей кьужьжьи дэсащ Амырхъан и ныбжьэгъу Щауэжь Елмырэз. Елмырэзщ Хьэсэн щыкIэпшынэ еуэкIи, абы и щыкIэми езыгъэсэр. Елмырэз куэдым хищыкIыну, гъукIэ, пхъащIэ Iэзэу щытащ. НтIэ, мис а Елмырэзм и щыпхъуэ ипхъу, щIалэ щыкIуитI иIэу кьикIыжауэ, Амырхъан кьрагъэшауэ щытащ. Ар кьыщыхъуар 1950 гъэращ. Абы и ужькIэ Амырхъан зы щIалэрэ хьыджэбзитIрэ игъуэтыжащ. Хьыджэбз нэхъыщIэр сэ нэхъыр илъэскIэ нэхъыкьу щытауэ араш (1956 гъэ). Мэржан кьиша нэужь си адэм и анэ Дадузи куэдрэ псэужакъым. Дадуэ щыIэрызехьэм нэхъ кьыкIэльыплъар СультIан и щхьэгъусэ Хурирэтрэ ипхъу Къэрэжанрэщ.

Къильхуа-кьимылъхуами, мис апхуэдизу быныр зыхуей хуигъэзащ, игъэмэжэлакъым си адэшхуэм, дэтхэнэри хабзэм тету унагъуэ игъэтIысжащ.

Амырхъан мыхъумыщIагъэ зыдильэгъуар, ар Iуэху цыкIуми инми, псалъэ щэрыуэкIэ хущIигъэгъуэжьынут. Джатэ Зубер жиIэжу мыпхуэдэ зы хьыбар зэхэсхьажащ. Амырхъан и къуажэ советым тхылъымкIэ гуэр кьыIихьну кIуаяу, председателым: «Амырхъан, нобэ ди хущIэмыхьэгъэуэ щхьэ укъэкIуа? - кьыжриIащ. Амырхъан ар идэнт: «ФыкущIихьэми фыхущIэмыхьэми, Езийэса я кьыкIыр, Бэрэзэджэ я кьуийр, фи бжэIупэр хьэндыркъуакъуэ напIэ хьужауэ... мы кьуажэр зыхуей хуэзэнкьым мыбы фэ фыщIэсу», - жякреЪ. Езийр кьыкът, Бэрэзэджэр кьуийт, уэзих кьешха кьудейти, кьуажэ совет бжэIупэм шэдыщхуэ итт. Модрейхэми псынщIэу зыкьащIэжри, «дыгушIыпуэ араш, утхуэмыусэ», - жиIэри зыхуей тхьыльр хуатхри кьаутIыпщыжащ.

ХьэкIуащэ Андрей и тхыгъэмкIэ кьэзгъэзэжу жысIэну сыхуейт ди адэшхуэм теухуауэ абы кьигъэльэгъуэжахэм пэж зэрыхэлъыр. Псальэм папщIэ, Амырхъан партым щхьэкIэ диныр пхухьиIдзэнутэкъым. И зы нэщи и нэмэзи блимыгъэкIыу, КьурIэным итыр ищIэу, игукIи и псэкIи и фIэщ хьууэ щытащ. А дин Iуэхум партым и епльыкIэр, абы зэрыпщIэуэр и жагъэ хьууэ щытащ. Пщыуэ, уэркьыу щытауэ, лIыгъэшхуэ льэпкъым щхьэкIэ зезыхьэу щытахэм хуауасжьа уэрэд куэд Амырхъан ищIэрт, ауэ властыр абыхъм хуейтэкьыми, кIуащхьэ. ФIыщIэ яхуэфащэщ Амырхъан дэлэжьахэу Кьардэнгъущ Зырамыку, Нало Заур, Елгъэр Кашиф сымэ, нэгъуэщIхэми. Амырхъан езыр тхэфу щытакъым, уэсэ зэхихьмэ, ар зэрихьэну тхьэм имыгъэуту щылъаIуэ куэдрэ кьыхуихуащ.

Мыдэкlэ Андрей щымыгъуазэ щхьэкIэ, Амырхъан и лэжьыгъэхэр зы тхьилъу кьыдагъэжIыжьыну и ужь ихьащ ди малъхъэ Еджынокъуэ Хьэсэнбийрэ си щыпхъу Ксенярэ. Абыхъм я мылькушIэ кхъащхьри зы хуей хуэдгъэзащ. Ди гугъэщ зы илъэс нэхъ дэмыкIыу тхьилъри дунейм кьыптехьэну.

ХЬЭХЪУПАЩIЭ МУIЭед,
Амырхъан и кьуэрылъуу.

Я адэшхуэм и фэеплъ сыным и деж щытщ Хьэхъупащlэ зэкъуэшхуэ МуIэед *(яку дэтщ)*, Аслъэнбэчэ, Аслъэнэм и кьуэ Мурат.

Псалъэзэблэдз

Екlуэкlыу: **5.** Ди гъунэгъу щIалэр екъури ежьэжащ, ... дыхьэжащ. **6.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ. **8.** Адыгэ танкэхэуэу щыта, Совет Союзым и ЛIыхъужь. **10.** ... хиса жыгыр мэгъу. **11.** ФIэIуГъэ щыIэзэтIольхуэныкьуэт, абы нужькIэ Хьусенкlэ еджэу щIалэ яIащ. Хьэсэни Хьэтэмми пщигъэгъупщэну губзыгъуэу, фIыуэ еджэну, гушIэшхуэ хэльу, дахэу уэрэд жиIэу щытауэ жалэж Хьусен. Ауэ гъащIэ кIэщIт, ебланэ классым щIэсу хэтти гуу кьепыджу абы икIуэдыкIауэ, хэтти кIэтIийнэфым илыкIауэ жалэж.

Хьэсэнрэ Хьэтэмрэ балигъ хьуауэ, я кьушэгъуэ дахэу Дадуэ Iэрьзеяхэу кьэнауэ щытащ. Дадуэ и бынхэм, Амырхъан и ныбжьэгъухэм ельэIуауэ жалэж, «мы лIыжьым зыгуэр кьевгъашэу унагъуэр зэрихьэну, езыми кIэлъыплъын хуэдэу», - жиIэри.

Анзорей кьужьжьи дэсащ Амырхъан и ныбжьэгъу Щауэжь Елмырэз. Елмырэзщ Хьэсэн щыкIэпшынэ еуэкIи, абы и щыкIэми езыгъэсэр. Елмырэз куэдым хищыкIыну, гъукIэ, пхъащIэ Iэзэу щытащ. НтIэ, мис а Елмырэзм и щыпхъуэ ипхъу, щIалэ щыкIуитI иIэу кьикIыжауэ, Амырхъан кьрагъэшауэ щытащ. Ар кьыщыхъуар 1950 гъэращ. Абы и ужькIэ Амырхъан зы щIалэрэ хьыджэбзитIрэ игъуэтыжащ. Хьыджэбз нэхъыщIэр сэ нэхъыр илъэскIэ нэхъыкьу щытауэ араш (1956 гъэ). Мэржан кьиша нэужь си адэм и анэ Дадузи куэдрэ псэужакъым. Дадуэ щыIэрызехьэм нэхъ кьыкIэльыплъар СультIан и щхьэгъусэ Хурирэтрэ ипхъу Къэрэжанрэщ.

Къильхуа-кьимылъхуами, мис апхуэдизу быныр зыхуей хуигъэзащ, игъэмэжэлакъым си адэшхуэм, дэтхэнэри хабзэм тету унагъуэ игъэтIысжащ.

Амырхъан мыхъумыщIагъэ зыдильэгъуар, ар Iуэху цыкIуми инми, псалъэ щэрыуэкIэ хущIигъэгъуэжьынут. Джатэ Зубер жиIэжу мыпхуэдэ зы хьыбар зэхэсхьажащ. Амырхъан и къуажэ советым тхылъымкIэ гуэр кьыIихьну кIуаяу, председателым: «Амырхъан, нобэ ди хущIэмыхьэгъэуэ щхьэ укъэкIуа? - кьыжриIащ. Амырхъан ар идэнт: «ФыкущIихьэми фыхущIэмыхьэми, Езийэса я кьыкIыр, Бэрэзэджэ я кьуийр, фи бжэIупэр хьэндыркъуакъуэ напIэ хьужауэ... мы кьуажэр зыхуей хуэзэнкьым мыбы фэ фыщIэсу», - жякреЪ. Езийр кьыкът, Бэрэзэджэр кьуийт, уэзих кьешха кьудейти, кьуажэ совет бжэIупэм шэдыщхуэ итт. Модрейхэми псынщIэу зыкьащIэжри, «дыгушIыпуэ араш, утхуэмыусэ», - жиIэри зыхуей тхьылъыр хуатхри кьаутIыпщыжащ.

ХьэкIуащэ Андрей и тхыгъэмкIэ кьэзгъэзэжу жысIэну сыхуейт ди адэшхуэм теухуауэ абы кьигъэльэгъуэжахэм пэж зэрыхэлъыр. Псальэм папщIэ, Амырхъан партым щхьэкIэ диныр пхухьиIдзэнутэкъым. И зы нэщи и нэмэзи блимыгъэкIыу, КьурIэным итыр ищIэу, игукIи и псэкIи и фIэщ хьууэ щытащ. А дин Iуэхум партым и епльыкIэр, абы зэрыпщIэуэр и жагъэ хьууэ щытащ. Пщыуэ, уэркьыу щытауэ, лIыгъэшхуэ льэпкъым щхьэкIэ зезыхьэу щытахэм хуауасжьа уэрэд куэд Амырхъан ищIэрт, ауэ властыр абыхъм хуейтэкьыми, кIуащхьэ. ФIыщIэ яхуэфащэщ Амырхъан дэлэжьахэу Кьардэнгъущ Зырамыку, Нало Заур, Елгъэр Кашиф сымэ, нэгъуэщIхэми. Амырхъан езыр тхэфу щытакъым, уэсэ зэхихьмэ, ар зэрихьэну имыгъэуту щылъаIуэ куэдрэ кьыхуихуащ.

Мыдэкlэ Андрей щымыгъуазэ щхьэкIэ, Амырхъан и лэжьыгъэхэр зы тхьилъу кьыдагъэжIыжьыну и ужь ихьащ ди малъхъэ Еджынокъуэ Хьэсэнбийрэ си щыпхъу Ксенярэ. Абыхъм я мылькушIэ кхъащхьри зы хуей хуэдгъэзащ. Ди гугъэщ зы илъэс нэхъ дэмыкIыу тхьилъри дунейм кьыптехьэну.

ХЬЭХЪУПАЩIЭ МУIЭед,
Амырхъан и кьуэрылъуу.

Адыгагъэ - цIыхум и псэукIэм, и дуней тетыкIэн хуейм теухуауэ адыгэ хабзэм кьиргъэуэ хьэл-щэн, щытыкIэ псори кьыхэщIэзыубыдэ псальэщ. Абы хохьэ цIыхугъэри, хьэл-щэн зэпIэзэрыт, гущIэгъу уиIэнри, нэгъуэщIхэм пщIэ яхуэщIынри, жумарту, хьэлэлу, бзэ Iэфlу уахущытынри.

Адыгэбзэ - адыгэхэм (адыгейхэм, къэбэрдейхэм, шэрджэсхэм) я анэдэлъхубзэ, ахэр зэрыпсалъэ, зэрызэгурыIуэ, Iуэху зэрызэфIах бзэ. Адыгэбзэр хохьэ кавказыбзэхэм ящыщу абхъаэадыгэ бзэ гупым. Абы и лъапсэр кьыщожьэ ди эрэм и пэкIэ илъэс минитIкIэ уэгIэбэкIыжмэ, Азие Гупэм щыпсэуа хьатхэм я деж. Иджырей адыгэбзэм литературэзитI иIэщ - адыгей, къэбэрдей-шэрджэс. Ахэр диалект зыбжанэу зэхэтыжщ (пIп., къэбэрдей, беслъэней, мэздэгу, абазэхэз, Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ пажэхэм ящыщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист. **50.** Пасэрей фочI. Абы и цIэр унощIэ зыхуэхъуа щыIэщ. **51.** Пхъащхьэмыщхьэ быдэ. Дзэ жан пIымытмэ, уемыдзакъи нэхъыфIщ. **53.** Ди республикэм пэгъунэгъу кьалэ, къэралпсо курорт. **54.** Уэшх кьыщешхIэ уафэм кьиIукI хабзэ макъ ин.

Кьехуу: **1.** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щылэжьа щIэныгъэлI Iэзэ, льэпкъыбзэм, литературэм хуэлажьэу ноба ди щыналъэм исхэм я нэхъыбэр езыгъэджа ... Хьэталий. **2.** Нартыкуу гъэлигъуэ хьажьгъэ. **3.** Хъуакlэ кьызыхих мывэ быдэ. **4.** ... хэбгъэтIасэмэ пхуэгъэхъужыркъым. **5.** Хьэ домбей, пщIантIажь. **7.** Алыхьым и фIыщIэу ябжу, Iуэхугъуэфl гуэрым папщIэ кьызэрагъэпэщ, ерыскьыщхуэ кьыщIэт зэхьиж. **9.** Дин лэжьакIуэ. **12.** Кавказым щыпсэу нэхъ лъэпкъыщхуэхэм ящыщу. Хъэмбулатыжьрэ Къэрэшэн зэранщ, псом хуэмыдэу тхьэмбылымкIэ. Дохутырышхуэхэм зэрыжаIэмкIи, абы гъащIэр нэхъ кIэщI ещI илъэс зыбгъупщIкIэ, итIани цIыхуэхъум и нэхъыбэм яIурысщ. **15.** Дзэм къулыкъу щещIэ. **16.** Щтырыгъу. **20.** Хуэныгъэм къыщагъэсэбэп. **21.** Псым и адрей лъэныкъуэмкIэ къыщылъ щIы. **23.** АдакъэщIэрэ ... пластэрэ. **24.** «Щэхуу псыпэр мэIущащэ, и ... макъым бгыр щIодзIу» - КIыщокъуэ Алим и «Псынэ» уэсэм щыщщ. **26.** ... цIыкIу бжьакъуэшхуэ. **27.** Гъур, пхъашэ. **28.** Мэш хьуазэ. **29.** Хьэкум ильщ хьэрэжьэжу. **33.** Дагъуэ зимыIэ, кьызыхуэтэнышэ цIыхум щхьэкIэ апхуэдэу жаIэ. **34.** Къэбэрдей усакIуэ пажэхэм ящыщ. **35.** Шы гуартэ. **37.** ... имыIэу, и щхьэ закъуэ и лъакъуитIу Хьэрун и гъащIэр ихьащ. **38.** Щыкlуртым цIыкIу, щIакъуэу ирагъэтэжащ. **42.** Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Семэн ... **43.** Бэзэрым, нэгъуэщI сату щIыпIэхэм кьыщагъэсэбэп Iэмэпсымэ. **46.** Кьамыл щабэ зэIуща. **47.** Пхъэщхьэмыщхьэ. **49.** Рассказ, повесть, роман хьэлэмэт зыкъом зи Iэдакъэ щIэкIа адыгэ тхакIуэ. **52.** Ди щIынальэмрэ Урысеймрэ зэкъуэзыгъэувэ адыгэ пщыщхуэ. Абы и цIэр фIащащ Налшык щыIэ уэрам нэхъ инхэм ящыщ зым.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



Дыгъэгъазэм и 15-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жуэпхэр:
Екlуэкlыу: **1.** Джарым. **7.** Къэбыстэ. **8.** Астемыр. **12.** Щам. **13.** Хьар. **14.** Альп. **15.** Пхъы. **17.** Умэ. **19.** Щытхъу. **21.** Хьэпс. **22.** Щэращ. **26.** Мэльхъэхъэ. **27.** Хьэхэбасэ. **29.** Теунэ. **32.** Дакъэ. **36.** Уанэ. **38.** Кьурш. **39.** Текl. **41.** Нур. **42.** Гъудз. **43.** Сыр. **46.** Льэнтхъуий. **47.** Жьэрэпуэ. **48.** Мурат.
Кьехуу: **1.** Джатэ. **2.** Мысэ. **3.** Хьэжмэт. **4.** Чытап. **5.** Серчэ. **6.** Мыщафэ. **9.** Пщащэ. **10.** Батыр. **11.** Апэсы. **16.** Хьы. **18.** Мы. **20.** Хъурэбзэ. **21.** Хьэмбылу. **22.** Щыхьэт. **23.** Щъхьэ. **24.** Хьэм. **25.** Псы. **28.** Iуданэ. **30.** Уардэ. **31.** Хьэкъурт. **33.** Кьардэн. **34.** Хур. **35.** Яе. **37.** Акъсырэ. **38.** Кьуентхъ. **40.** Кlэрэф. **44.** Кьуийм. **45.** Щыпхъ.

● Псалъэжьхэр

ДэIэбеи ет, еIэбыхи къашэ

l Адэ лIэужьыншэрэ лынщэ кьупщхьэрэ.
l Анэр нэщI, адэр льэпкъщ.
l ДэIэбеи ет, еIэбыхи къашэ.
l Еблагъэ зи бэм и бын мэжалIэркъым.
l Закьуэныгъэр мыгъуагъэщ.

● Хьуэхъуэхэр

Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Сэрмакъ къуажэм щыпсэу Мэшхэ Мухьэмэдрэ Марнэрэ зэрызэдэпсэуэрэ дыгъэгъазэм и 22-м илъэс 40, уиэгущэм и ныбжьыр илъэс 60 ирокъурри, дохъуэхъу

ПщIэ зыхуэтщI, фIыуэ тлъагъу ди нэхъыжьыфI Iумахуэхэу ди адэ, тхьэмадэ, адэшхуэ щыпкъэ, ди анэ, гуащэ, анэшхуэ гумащIэ Зэгурыпуэрэ зэдэпуэжьрэ, хабзэрэ нэмысрэ щызекIуэ, зи мафIэр мыужьых унагъуэ лъэщым фрихьумакIуэщи, фызипльыр жьэгур уардэунэу, фи Iэнэгум берычэтыр щытепщэу, фызэкъуэту, гъащIэм гу щыфхуэрэ абы и IэфIыгъэ проз зыхэфщIэу, фи быным, абыхъм къащIэхъуэ фи щIэблэм я насыпым, екъуIэныгъэхэм фригушхуэу къудрэ дяпэ Тхьэм фригъэт. Дахагъэмрэ гуапагъэмрэ фи Iэпэгъэу, илъэс 40 хьуауэ фыкьыззэдогъэгурыкIуэ, мамэ Марнитэ илъэс 60 ирокъури, гъащIэшхуэ къэзгъэщIэну, псэр зыщIэхъуэпсэ фIыгъэмкIэ Тхьэр кьыфхуэупсэну ди гуапэщ.

Фшхъуэху Майс, Заремэ, Риммэ, фи къуэ Тимур, фи ныс Джульеттэ, фи малъхъэхэр, фи къуэрылъхуэпхъурылъхуэхэр, абыхъм я быныкхэр.

УнагъуэщIэ зыуэхуа Кхъуэлуфэ Рэмэзанрэ Жамбэч Рабиярэ дохъуэхъу

Жыым франапщIэу, щIэм фращапхъэу, насыпым кIуапIэ фищIарэ гуфIэгъуэр фи унагъуэ жьэгу дэмыкIыу, кьыфхьихэр фи ныбжьэгъуу, кьывэпIль кьывэхъуапсэу, хабзэрэ нэмысрэ щызекIуэ, сабий дыхьэнэх макъ жьэрыруу щыIу унагъуэ лъэщ фыхьуну, фи насыпыр щызу гъащIэ дахэ зэдефхьэкIыну Тхьэм жиIэ!

«Шыхулъагъуэ» Литературэ хасэм хэтхэм кьабгъэдэкIыу.

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар щХЬЭЩIЭМЫЩI Иэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаго Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **ЖьэкIэмыкIуэ Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыкъ Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Нэщlэныджэ Замир, Хьэжыкьар Алик, Щхьэщэмыщl Иэз.**

КьыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэжI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, еблъэнэпщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-5, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущапlэхэм ядолажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкlакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапlэм - 42-26-41; суэрттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхухэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зыгъэхъэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынкьр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хунтынигъэр хьумэныжкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапlэм щIэныгъэмкIэ - 1001-ЖГ-00065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Щоджэн Iэминат, корректорхэу Щоджэн Инир *(1, 2-нэ нап.)*, Щоджэн Заир *(3, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дудзакъуэу* Мыргэзкъан ФатIимэ. *Компьютерхэм газетым и тепIэр щIадзу* Мэлбахьуэ Анжелэ, *суэрттехэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьазыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.749 ● Заказ №3382